**A. MANSUROV, D. KARIMOVA**
**G. KAMALOVA**

# MUZÍKA

5-klass ushın sabaqlıq

Qayta islengen 6-basılım

*Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen tastıyıqlanǵan*

Ǵafur Ǵulam atındaǵı
baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi
Tashkent – 2020

http://eduportal.uz

UOK 372.878(075)
KBK 85.31
M24

«Ózbekstan Respublikası 2002-jılı sabaqlıqlar tańlawında sıylıq alǵan»

**Pikir bildiriwshiler**:

**Shermat Yormatov** – «Bulbulcha» balalar xorınıń kórkemlik basshısı, Ózbekstan xalıq artisti, professor;

**Akmal Utaev** – Ózbekstan mámleketlik Konservatoriyası janındaǵı Intalı balalar akademiyalıq liceyiniń dirijyorlıq pániniń úlken oqıtıwshısı;

**Feruza Fayziyeva** – Tashkent qalalıq Ushtepa rayonındaǵı 4-sanlı orta mektebiniń «Muzıka mádeniyatı» páni oqıtıwshısı;

**Gúlnara Musaeva** – Ózbekkoncert mámleketlik shólkeminiń Milliy ayaq oyın hám xoreografiya ónerin rawajlandırıw bólimi baslıǵı.

**Ekspert**:

**Vasila Ǵapparova** — Tashkent qalası Úshtepa rayonındaǵı 203-ulıwma orta bilim beriw mektebiniń «Muzıka mádeniyatı» páni oqıtıwshısı.

**«Sibelius» programmasında qaraqalpaqsha notaların kompyuterde tergen:**
Nasırov Miratdin Bawenovich — **Nókis qánigelestirilgen mádeniyat mektebi oqıtıwshısı.**

Qolıńızdaǵı «Muzıka» sabaqlıǵı Respublikamız ulıwma orta bilim beriw mekteplериniń 5-klasları ushın Mámleketlik bilimlendiriw standartı tiykarında jaratılǵan. Onnan orın alǵan teoriyalıq hám ámeliy materiallar hám de nama hám qosıqlar oqıwshılardı muzıka óneriniń ayırım janrları menen jaqınnan tanıstıradı. Olardı milliy maqtanısh hám Watan súyiwshilik ruwxında tárbiyalaydı.

Mansurov A., Karimova D., Kamalova G.
Muzıka: 5-klass ushın sabaqlıq. Qayta islengen 6-basılımı. — Nókis: Bilim baspası, 2020. – 96 b.

UOK 372.878(075)
KBK 85.31

*Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı*

**© A. Mansurov, D. Karimova.**
**© Ǵafur Ǵulam atındaǵı baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi, 2020**
Qaraqalpaqsha awdarma
**© A. Mansurov, D. Karimova, G. Kamalova.**
**© «Bilim» baspası, 2020**

ISBN 978-9943-6113-0-6

# ALǴÍ SÓZ

Áziz oqıwshılar! 5-klass «Muzıka» sabaqlıǵındaǵı temalar arqalı Sizler orkestrler quramına kiriwshi ózbek hám qaraqalpaq xalıq hám Evropa saz-ásbapları, kompozitorlardıń nama hám qosıqları, ayaq-oyın óneri, túrli janrlardaǵı jáhán muzıka mádeniyatı dúrdanaları haqqında maǵlıwmatlarǵa iye bolasızlar.

Ózbekstanımızda úlken dóretiwshilik isleri ámelge asırılmaqta. Ásirese, bilimlendiriw, sport, kórkem óner tarawındaǵı ózgerisler bunıń ayqın mısalı boladı. Elimizge baǵıshlanıp jaratılǵan jańa shıǵarmalar, qosıq hám namalar bolsa dúnya boylap qanat jazıp jańlamaqta. Jańa-jańa shıǵarmalar Siz jaslardı, xalqımızdıń jańa áwladın erkinlik ruwxında tárbiyalawǵa xızmet etpekte. Qolıńızdaǵı sabaqlıq qálbińizge Watan sezimin sińdirip, muzıka haqqındaǵı bilimlerińizdi ósiriwge xızmet etedi dep isenemiz.

*Avtorlar*

... Muzıka insandı sıyqırlaydı, jaqsılıqqa, miyrim-shápáátlikke, muhabbatqa, shiyrin ármanlarǵa baǵdarlaydı, jaman joldan qaytaradı, oylatadı, oynatadı, jılatadı, kúldiredi.

... Muzıka — insan ómirine dos, joldas.

... Muzıka — bizlerdi insanıylıqqa iytermelewshi hawaz.

... Muzıkanı nurǵa, janıp turǵan shıraqqa megzetse arzıydı.

*Avaz Mansurov*

Shártli belgiler:

?! — Soraw hám tapsırmalar;

— Klass fonotekasınan úlgi tıńlań;

— Muzıka sawatı;

— QR kod.

http://eduportal.uz

# I SHEREK

# ORKESTRLER HAQQÍNDA

## *1-2-sabaq*. ORKESTRLER. ÓZBEK XALÍQ SAZLARÍ ORKESTRI HÁM ONÍŃ ÚPLEP SHERTILETUǴÍN SAZ-ÁSBAPLAR TOPARÍ

**Orkestr** — hár qıylı saz-ásbapları sázendelerinen dúzilgen jámáát bolıp, kórsetilgen quram ushın jaratılǵan muzıkalıq shıǵarmanı atqaradı. Hámmemiz biletuǵın kishkene ansambllerden parqı sonda, olarda sazendeler sanı kóp bolıp, birneshe toparlardan ibarat boladı. Orkestrler saz-ásbaplarınıń quramlıq dúzilisine qaray túrlishe boladı:

*Simfoniyalıq orkestr, úplep shertiletuǵın saz-ásbaplarınıń orkestri, tarlı saz-ásbapları orkestri, estrada orkestri, xalıq sazları orkestri usılar toparınan esaplanadı*.

Sonı aytıp ótiw kerek, barlıq xalıqlardıń da óz saz-ásbaplarınan dúzilgen orkestri bolıwı múmkin. Joqarıda aytılǵanlardan basqa, quramı az bolǵan **kamer** (kishi) orkestrler de ushırasadı.

Uzaq dáwirlerden beri xalqımız arasında keń tarqalǵan sazlarımızdan 1936-jılı birinshi ózbek xalıq sazları orkestri dúzilgen. Qaraqalpaq xalıq sazları orkestri bolsa 1957-jılı dúzildi. Onıń birinshi shólkemlestiriwshisi, kompozitor Ábdireyim Sultanov boldı.

Saz-ásbaplarımızdan ayırımları temperaciya etilip (yaǵnıy, bir qıylı sazlarǵa jaqınlastırılıp), úlken-kishi túrleri islep shıǵılǵan. Bularǵa úlken-kishi nay, úlken-kishi girjekler, sháńlar, rubablar, duwtarlardı kirgiziw múmkin.

Bunday orkestr ushın Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan kompozitorları jańa shıǵarmalar dóretti, xalıq namaların qayta isledi, jáhán klassik kompozitorlarınıń shıǵarmaların usı orkestrlerge maslastırdı.



http://eduportal.uz




Xalıq sazları orkestri 5 topardan dúzilgen bolıp, olardan birinshisi, úplep shertiletuǵın saz-ásbaplar toparı. Úplep shertiletuǵın saz-ásbaplar toparına — naylar, kishi naylar, qosnaylar, sırnaylar, kerek jerinde, kárnaylar da kirgiziledi.

Klass fonotekasınan «Ózbek xalıq sazları orkestri» atqa-rıwında Sayfi Jalildiń «Qalbimda» hám «Qaraqalpaq xalıq sazları orkestri»niń atqarıwında «Ǵulpaq» qaraqalpaq xalıq namasın tıńlań. Nay ushın qayta islegen G. Demesinov.



http://eduportal.uz

# O‘ZBEKISTON RESPUBLIKASI DAVLAT MADHIYASI

*Abdulla Oripov* sózi | *Mutal Burhanov* muzıkası




http://eduportal.uz




Serquyosh, hur o‘lkam, elga baxt, najot,
Sen o‘zing do‘stlarga yo‘ldosh, mehribon!
Yashnagay toabad ilm-u fan, ijod,
Shuhrating porlasin toki bor jahon!

N a q a r o t :

Oltin bu vodiylar – jon O‘zbekiston,
Ajdodlar mardona ruhi senga yor!
Ulug‘ xalq qudrati jo‘sh urgan zamon,
Olamni mahliyo aylagan diyor!

Bag‘ri keng o‘zbekning o‘chmas iymoni,
Erkin, yosh avlodlar senga zo‘r qanot!
Istiqlol mash’ali, tinchlik posboni,
Haqsevar, ona yurt, mangu bo‘l obod!

N a q a r o t :

Oltin bu vodiylar – jon O‘zbekiston,
Ajdodlar mardona ruhi senga yor!
Ulug‘ xalq qudrati jo‘sh urgan zamon,
Olamni mahliyo aylagan diyor!

http://eduportal.uz

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ MÁMLEKETLIK GIMNI

*Ibrayım Yusupov* sózi *Najimaddin Muxameddinov* muzıkası

**Saltanatlı**




http://eduportal.uz




Jáyhun jaǵasında ósken bayterek,
Túbi bir, shaqası mıń bolar demek.
Sen sonday sayalı, quyashlı elseń,
Tınıshlıq hám ıǵbal sendegi tilek.

Naqıratı:

Diyqan baba nápesi bar jerinde,
Juwsan ańqıp, kiyik qashar shólinde.
«Qaraqalpaqstan» degen atıńdı
Áwladlar ádiwler júrek tórinde.

Aydın keleshekke shaqırar zaman,
Mártlik, miynet, bilim jetkizer oǵan,
Xalqıń bar azamat, dos hám miyirman,
Erkin jaynap-jasna, máńgi bol aman!

Naqıratı:

Diyqan baba nápesi bar jerinde,
Juwsan ańqıp, kiyik qashar shólinde.
«Qaraqalpaqstan» degen atıńdı
Áwladlar ádiwler júrek tórinde.

http://eduportal.uz

## MUZÍKALÍQ SESLERDIŃ JARATÍLÍWÍ

**S e s l e r** tábiyatta eki túrge bólinedi: shawqımlı sesler hám muzıkalıq sesler. Denelerdiń bir-birine urılıwı yaki muzıka ásbaplarınıń shertiliwi nátiyjesinde hawada tolqınlanıw payda bolıp, átirapqa sesler tarqaladı. Olar anıq bálentlikke iye bolǵan seslerge hám bálentligi anıq emes seslerge bólinedi.

**M u z ı k a l ı q  s e s l e r** bálent-pásligi, uzın-qısqalıǵı, tembri hám kúshi menen bir-birinen parıqlanadı. XI ásirden baslap pútkil dúnyaǵa muzıkalıq sesler basqıshlarınıń atalıwı—DO, RE, MI, FA, SOL, LYA, SI bolıp tarqalıp ketken. Pianino klavishlerinde hám nota qatarında kórinisi tómendegishe:






### ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Orkestr degenimiz ne hám onıń qanday túrleri boladı?
2. Birinshi ózbek hám qaraqalpaq xalıq sazları orkestri qashan dúzilgen?
3. Xalıq sazları orkestri neshe topardan ibarat?
4. Úplep shertiletuǵın saz-ásbaplar toparına qaysı saz-ásbaplar kiredi?
5. Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Mámleketlik gimnin aytıp, avtorları haqqında qısqasha maǵlıwmat beriń.
6. Muzıkalıq seslerdiń jaratılıwı haqqında nelerdi bilesiz?

http://eduportal.uz

## *3-sabaq*. ÓZBEK HÁM QARAQALPAQ XALÍQ SAZLARÍ ORKESTRINIŃ TARLÍ-URÍP HÁM ILIP SHERTILETUǴÍN SAZ-ÁSBAPLAR TOPARÍ

Xalıq sazları orkestriniń tarlı-urıp hám ilip shertiletuǵın saz-ásbaplar toparı partituraǵa demli (úpleme) saz-ásbaplar toparınan soń tómendegi nota qatarların birlestirip jaylasadı.

**Tarlı-urıp** shertiletuǵın saz-ásbaplar toparına I hám II shańlar kiredi, olar bólek qatarlarǵa jazıladı.

Sanap ótilgen toparlar, saz-ásbapları jeke túrde hám bir-gelikte tiykarǵı namanı atqarıw menen birge, joldas (2-dárejeli) nama jolları hám usıl-garmoniya kórinisinde qosılıp atqarılıwı da múmkin.



**Ilip shertiletuǵın** (mediator hám barmaqlar járdeminde) sazlar toparı eń úlken topar bolıp esaplanadı. Oǵan prima




rubabı, qashqar rubabı, afgan rubabı, duwtarlar, duwtar-baslar, duwtar-kontrabaslar kiredi hám bólek qatarlarǵa jazıladı.

*Klass fonotekasınan «Qaraqalpaq xalıq sazları orkestri»niń atqarıwında «Xalqalı» qaraqalpaq xalıq namasın tıńlań. Orkestr ushın qayta islegen Q. Tólegenov.*

## AZIZ USTOZLAR

*Tolqin* sózi | *Sobir Boboyev* muzıkası




http://eduportal.uz




Doim aziz hurmatingiz,
Unutmaymiz mehnatingiz.

Naqarot:

Jonajonlar, mehribonlar,
Aziz ustozlar.

Boshimizni siladingiz,
Bizga oq yo'l tiladingiz.

Naqarot:

Sizlar bizning baxtimizsiz,
Dillardagi ahdimizsiz.

Naqarot

Sizga izzat, sizga hurmat,
Yosh qalblarda bo'ling har vaqt.

http://eduportal.uz

# MUZÍKADA GILTLER

Muzıkada 10 gilt bar. Olar saz-ásbapları hám insan dawısınıń bálentligin notaǵa alıwda yaki atqarıp beriwde úlken qolaylıqlar jaratadı. Keń tarqalǵan, hámme biliwi tiyis bolǵan eki gilt bar. Olar — **S k r i p k a** gilti hám **B a s** gilti.

Skripka gilti 1-oktavadaǵı «sol» notasın kórsetedi:





## ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Ózbek hám qaraqalpaq xalıq sazları orkestriniń tarlı-urıp hám ilip shertetuǵın ásbabın tabıń.
2. Qaraqalpaq xalıq sazları orkestriniń atqarıwında «Xalqalı» qaraqalpaq xalıq namasınan eslep qalǵan bir namanı aytıp beriń.



1.



2.



3.

3. Muzıkada neshe gilt bar? Keń tarqalǵanı qaysıları?
4. «Aziz ustozlar» qosıǵın birgelikte atqarıp, jaqsılap úyrenip alıń.

http://eduportal.uz

## *4-sabaq*. ÓZBEK HÁM QARAQALPAQ XALÍQ SAZLARÍ ORKESTRINIŃ TARLÍ-TARTQÍSHLÍ SAZ-ÁSBAPLARÍ TOPARÍ

Ózbek hám qaraqalpaq xalıq sazları orkestriniń tarlı-tartqıshlı ásbapları toparına I, II Girjekler, Girjek — altlar, Qobız — baslar, Qobız — kontrabaslar kirgen hám olar 5 nota sızıǵın iyelep, partituranıń eń tómengi bóliminen orın alǵan. Bul saz-ásbaplar shıǵarmanıń tiykarǵı nama-nama ırǵaǵın atqarıw menen birge, joldas ırǵaqlar hám usıl-garmoniya kórinisinde qosılıp atqarılıwı da múmkin.



*Klass fonotekasınan Q. Zaretdinov qayta islegen qaraqalpaq xalıq naması «Qara jorǵa» namasın tıńlań.*



http://eduportal.uz



## NOTALARDÍŃ BAS GILTINDE JAYLASÍWÍ

Bas gilti kishi oktavadağı «fa» notasın kórsetedi:



Joqarı seslerdiń jańlawı skripka giltinde, pás seslerdiń jańlawı bas giltinde jazıladı:



Do re mi fa sol lya si do

### ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Ózbek hám qaraqalpaq xalıq sazları orkestri qanday jámáát?
2. Ózbek hám qaraqalpaq xalıq sazları orkestriniń tarlı-tartqıshlı sazları toparına qanday sazlar kirgizilgen?
3. Bas gilti qaysı oktavadağı «fa» notasın kórsetedi?
4. Bas gilti qalay jazıladı?

http://eduportal.uz

## *5-sabaq.* XALÍQ SAZLARÍ ORKESTRINIŃ URÍP SHERTILETUĠÍN SAZ-ÁSBAPLARÍ TOPARÍ

Xalıq sazları orkestriniń urıp shertiletuǵın saz-ásbaplar toparında dáp, naǵara, qayraq, safoyil sıyaqlı milliy xalıq sazları menen birge Evropa saz-ásbapları — litavralar, baraban, tarelka sıyaqlılardı da ushıratıw múmkin.

Kompozitorlar hám orkestr ushın sazlastırıwshı qánigeler partiturası jazılıp atırǵan shıǵarmanıń xarakterine, obrazına qarap urıp shertiletuǵın saz-ásbapların tańlaydı. Máselen: toy saltanatın bildiriwshi shıǵarmalarda naǵara, qosıqlarda dáp, xorezmshe ayaq oyınlarda qayraq, uyǵırsha namada safoyil paydalanılsa jaqsı boladı. Evropa saz-ásbapları da muzıkanı jáne de bayıtadı.




**1. Dáp. 2. Qayraq. 3. Naǵara.
4. Safoyil**

*Klass fonotekasınan «Qaraqalpaq xalıq sazları orkestri»niń atqarıwında A. Sultanovtıń «Qaraqalpaq syuitası» hám «Ózbek xalıq sazları orkestri» atqarıwında A. Mansurovtıń «Yangra doyra, jarangla» shıǵarmaların tıńlań.*

http://eduportal.uz

# OLTIN KUZ QO‘SHIG‘I

*Normurod Narzullayev* sózi *Avaz Mansurov* muzıkası




http://eduportal.uz




2. Bog‘da ter to‘kar bog‘bon,
Hosilini teradi.
Dalada bobodehqon
G‘allasini o‘radi.

To‘kin bo‘lsa dasturxon,
Kuy-qo‘shiq ham yarashar.
Bulbullar sho‘x g‘azalxon,
Tinch bo‘stonda sayrashar.

N a q a r o t



http://eduportal.uz

## MUZÍKADA LAD HÁM TONALLÍQ TÚSINIKLERI

Muzıkalıq sesler túrlishe bálent-páslikke iye ekenligin bilip aldıńız. **Lad** dep — ses qatar basqıshlarınıń óz ara belgili bir qatnasına aytıladı.

Muzıkada xalıq ladları menen bir qatarda **«Major»** hám **«Minor»** dep atalıwshı ladlar keń qollanıladı. Olar túrli xarakterge iye. Eger major ladı biraz kúshli, anıq hám xosh kewilli bolsa, minor ladı, kerisinshe, ólpeń, jumsaq hám muńlı ses beredi. **Lad** muzıkalı shıǵarmanıń xarakterin belgilewde de áhmiyetli faktor bolıp esaplanadı.




Dúzilisleri: **Major** – 1 ton, 1 ton, 1/2 ton, 1, 1, 1, 1/2 ton
**Minor** – 1 ton, 1/2 ton, 1, 1, 1/2, 1, 1 ton

Ajıratıp biliw, tiykarınan, I—III basqıshlar aralıǵı tonları jıyındısına qarap belgilenedi: majorda — eki ton, minorda – bir yarım ton.

**T o n a l l ı q** dep major yaki minor ladınıń anıq bir notadan dúziliwine aytıladı. Máselen: do major, lya minor, sol major, mi minor hám taǵı basqalar.

**sol major**




**mi minor**




http://eduportal.uz

## ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Urıp shertiletuǵın saz-ásbaplar toparına qaysılar kiredi?
2. A. Sultanovtıń «Qaraqalpaq syuitası» shıǵarmasın tıńlap, qaysı urıp shertiletuǵın saz-ásbaplardıń dawısın bilip aldıńız?
3. Muzıkada lad hám tonallıq degende neni túsinesiz?
4. «Oltin kuz» qosıǵın birgelikte atqarıp, jaqsılap úyrenip alıń.

## *6-sabaq*. SIMFONIYALÍQ ORKESTR HÁM ONÍŃ TARLÍ-TARTQÍSHLÍ SAZ-ÁSBAPLAR TOPARÍ

**Simfoniyalıq orkestr** — orkestrler ishinde pútkil dúnyaǵa keń tarqalǵanlıǵı belgili. Óniń quramına kiretuǵın saz-ásbapları hám atqarıw baǵdarları, tiykarınan, XVIII ásirde qáliplesken. Nemis kompozitorı Y. Gaydn, V. Mocart, L. V. Betxoven, rus kompozitorı P. I. Chaykovskiy, ózbek kompozitorı M. Ashrafiy, M. Tajiyevler simfoniyalıq orkestr ushın úlken dóretiwshilik úlgilerin jaratıp, simfoniya, koncert, poema, uvertyura sıyaqlı janrlardaǵı shıǵarmalardı jazıp qaldırdı. Bul orkestr ushın kóplegen jańa áwlad kompozitorları da shıǵarmalar jaratpaqta.

Simfoniyalıq orkestrde saz-ásbaplar 4 toparǵa bólinedi hám partiturada joqarıdan tómenge qaray tómendegishe jaylasadı:

— aǵashtan jasalǵan úpleme saz-ásbaplar;
— mıs úpleme saz-ásbaplar;
— urıp shertiletuǵın saz-ásbaplar;
— tarlı-tartqıshlı saz-ásbaplar.

Tarlı-tartqıshlı saz-ásbaplar toparı — orkestrdiń eń tiykarǵı toparı esaplanadı. Bul toparǵa I, II skripkalar, alt, violonchel, kontrabaslar kiredi, olar 5 nota qatarın iyelep, partituralardıń eń tómengi bóliminen orın alǵan. Bul saz-ásbaplar shıǵarmanıń tiykarǵı bólegin shertiw menen birge, joldas ırǵaqlar hám usıl-garmoniya kórinisinde qosılıp shertiledi.

*Klass fonotekasınan V. Mocarttıń «40-simfoniya»-sın tıńlań.*



http://eduportal.uz



Skripka



Alt



Violonchel



Kontrabas



## MUZÍKADA DINAMIKALÍQ BELGILER

Nama-ırǵaqlarınıń, qosıqlardıń atqarılıwı jaǵımlı bolıwı yaki bir muzıkalıq obrazdı jáne de bayıtıp, tıńlawshılarǵa esittiriw ushın muzıkada dinamikalıq belgiler qollanıladı. Sestiń qanday keńeyiwin kórsetiwshi, italyanshadan alınǵan bul belgilerdiń atalıwın hám mánisin pútkil dúnya xalıqları birdey túsinedi.

*Áziz oqıwshılar! Aldıńǵı klaslarda dinamikalıq belgilerden* **p, f** *menen tanısqan edińiz, endi bolsa usı belgilerden qalǵanların úyrenemiz*.

Dinamikalıq belgiler tómendegishe jazıladı hám aytıladı:

***p*** (piano) — kúshsiz, áste;
***pp*** (pianissimo) — júdá kúshsiz;
***mp*** (metso piano) — kúshsizirek;
***f*** (forte) — kúshli, qattı;
***ff*** (fortissimo) — júdá kúshli;
***mf*** (metse forte) — kúshlirek.

(crishchendo) — kúsheyttirip barıw, qısqa italyansha jazılıwı – «cresc»;

(diminuendo) — kúshsizlendirip barıw, qısqa italyansha jazılıwı — «dim».

### ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Simfoniyalıq orkestr hám onıń quramına kiriwshi saz-ásbaplar atların aytıp beriń.
2. Simfoniyalıq orkestr ushın jazılatuǵın shıǵarmalar janrların bilesiz be?
3. Qaysı kompozitorlar simfoniyalıq orkestr ushın úlken dóretiwshilik úlgilerin jaratqan?
4. Tarlı-tartqıshlı sazlar topar qaysı saz-ásbaplarınan ibarat?
5. «Oltin kuz» qosıǵın dawısqa salıp aytıp beriń.
6. Muzıkada ushırasatuǵın qanday dinamikalıq belgilerdi bilesiz.

http://eduportal.uz

## *7—8-sabaq.* SIMFONIYALÍQ ORKESTRDIŃ AǴASH HÁM MÍSTAN JASALǴAN ÚPLEP SHERTILETUǴÍN SAZ-ÁSBAPLARÍ TOPARÍ

Dúnyada úplep shertiletuǵın saz-ásbaplarınıń túri kóp. Simfoniyalıq orkestrge kirgizilgen bunday saz-ásbapları eki túrge — a ǵ a s h hám m ı s úpleme saz-ásbapları bolıp bólinedi.

Aǵashtan jasalǵan úpleme saz-ásbapları toparına fleyta, goboylar, klarnetler hám fagotlar kiredi. Bul ásbaplarda atqarılatuǵın muzıka partituranıń eń joqarǵı nota jollarına jazıladı.

Mıs úpleme ásbaplar toparına valtornalar (kóbinese 4), trubalar (2), trombonlar (3) hám tuba (1) kiredi.

*Klass fonotekasınan U. Abdullaevanıń «Ómirbek» baletinen úzindi tıńlań.*



Fleyta



Goboy



Klarnet



Fagot



Valtorna



Truba

http://eduportal.uz



Trombon



Tuba

**APPAQ GÚLLER**

*Sh. Atamuratova* sózi *Ǵ. Amaniyazov* muzıkası




Appaq gúller,
Qızıl gúller.
Tańǵa ıntıq
Nurdı súyer.

Appaq gúller,
Qızıl gúller.
Kórgeninde
Súysindirer.

http://eduportal.uz

## NOTA SOZÍMLÍǴÍN UZAYTÍWSHÍ BELGILER

### Noqatlı nota

Írǵaqlar ráńbáreń shıǵıwı ushın kompozitorlar tómendegi ayırım notalar sozımlıǵın «noqatlar» járdeminde uzayttıradı.

Noqatlar (·) járdeminde nota teń yarımǵa uzayadı jáne de túsinikli bolıwı ushın sanlar menen kórsetiw de múmkin:

𝅝 (4 sherek) — 𝅝. (6 sherek) = 4 + 2 = 6
𝅗𝅥 (2 sherek) — 𝅗𝅥. (3 sherek) = 2 + 1 = 3
♩ (1 sherek) — ♩. (3 segizlik) = 1 + 0,5 = 1,5

♩. = ♩ + ♪ = ♩‿♪ 𝅗𝅥. = 𝅗𝅥 + ♩ = 𝅗𝅥‿♩

### ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Simfoniyalıq orkestr quramına kiriwshi aǵash hám mıs úpleme saz-ásbaplarına qaysı ásbaplar kiredi?
2. U. Abdullaevanıń «Ómirbek» baletinen tıńlanǵan úzindide qanday úplep shertiletuǵın saz-ásbaplar dawısı esitildi?
3. Noqatlı nota degenimiz ne?

## *9-sabaq.* SIMFONIYALÍQ ORKESTRDIŃ URÍP SHERTILETUǴÍN SAZ-ÁSBAPLARÍ TOPARÍ

Simfoniyalıq orkestrdiń urıp shertiletuǵın saz-ásbapları toparına 20 dan artıq pútkil dúnyaǵa keń taralǵan urıp shertiletuǵın sáz-ásbaplar kiredi. Lekin, litavralar, baraban, tarelka sıyaqlı ásbaplar kóp qollanıladı.

Simfoniyalıq orkestr jaratılǵan muzıka shıǵarması milliy ırǵaqta jańlawı ushın Ózbekstan kompozitorları naǵara hám dáplerden sheber paydalanadı. Bunday ırǵaqlarda ózgeshe zawıq bar.

http://eduportal.uz





**Barabanlar**



**Tarelkalar**



**Litavralar**

*Klass fonotekasınan Avaz Mansurovtıń «Navro'z bayramiga!» uvertyurasın tıńlań.*

## QUMÍRSQA

*X. Saparov* sózi — *J. Shamuratov* muzıkası




Bizge arnap kelipseń,
Nege qonaq bolmaysań.
Toyǵızayın desem men,
Ya bir jerde turmaysań.

Jańaǵı jegen nanımnıń,
Usaǵı bar qaltamda.
Miynet penen tapqanıń,
Mazalı shıǵar onnan da.

## LIGA

Liga da nota sozımlıǵın uzayttırıwshı belgilerge kiredi. Onıń járdeminde nota sozımlıǵın hárqansha uzaytıwǵa boladı.



Bunday jaǵdaylarda nota sestin 1 demde aytıw yaki bir saz ásbabında úzliksiz atqarıp turıw zárúr.

### ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Simfoniyalıq orkestrdiń urıp shertiletuǵın saz-ásbapları toparına qaysı saz-ásbapları kiredi? Eń kóp qollanılatuǵınları qaysılar?
2. Simfoniyalıq muzıka jáne de milliy ırǵaqta jańlawı ushın qaysı milliy saz-ásbaplarda paydalanıladı?
3. Avaz Mansurovtıń «Navro‘z bayramiga!» uvertyurasın tıńlap, alǵan tásirlerińizdi aytıp beriń.
4. «Qumırsqa» qosıǵınıń avtorları kimler?
5. «Liga» degende neni túsinesiz?

## BEKKEMLEW USHÍN TAPSÍRMALAR

## 1-SHEREK

**1. Ózbek xalıq sazları orkestriniń urıp shertiletuǵın ásbaplar toparın tabıń.**



a)



b)



d)

http://eduportal.uz

**2. Simfoniyalıq orkestrdiń aǵash úplep shertiletuǵın ásbabın tabıń.**



a)



b)



d)

**3. Bas giltindegi Do notasın anıqlań.**



a)



b)



d)

**4. Skripka giltindegi Do notasın anıqlań.**



a)



b)



d)

**5. Dinamikalıq belgilerdiń atların anıqlań.**












http://eduportal.uz

# II SHEREK

## XOR ÓNERI
## MUZÍKADA VOKAL-SIMFONIYALÍQ JANRLAR

### *1-2-sabaq.* *XOR ÓNERI*. XOR JÁMÁÁTLERINIŃ DÚZILISI HÁM TÚRLERI

Muzıka mádeniyatında xor óneri úlken áhmiyetke iye. ***Xor* — *kóp dawısta atqaratuǵın úlken jámáát***. Xor sózin eki túrli mániste túsiniw múmkin. Birinshisi — atqarıwshı jámáát bolsa, ekinshisi — xor jámáátiniń atqarıwına mólsherlep jazılǵan muzıkalıq shıǵarma. Xor qatnasıwshılarınıń sanı 20—30 adamnan baslap, ayırım jaǵdaylarda 1000 hám onnan artıq adam bolıwı múmkin. Saz-ásbaplarınıń atqarıwında kóp dawıslı muzıkanı tıńlaǵanımızday, xorda da eki, úsh hám onnan zıyat dawıslı aytıwǵa hám tıńlawǵa úyrengenbiz.

Xor jámáátleri de qaǵıydaǵa muwapıq birneshe túrlerge bólinedi. Tek balalardan dúzilgen xor — ***balalar xorı***, hayal-qızlardan dúzilgen xor — ***hayal-qızlar xorı***, er adamlardan dúzilgen xor — ***er adamlar xorı*** dep ataladı. Er adamlar hám hayal-qızlardan dúzilgen xor — ***aralas xor*** delinedi. Ba-lalar xorı aralas xorda da qatnasıwı múmkin.

Xorda 4 túrli dawıs bar: balalarǵa hám hayal-qızlarǵa tiyisli dawıs — ***soprano*** hám ***alt*** delinedi. Er adamlarǵa tiyisli dawıs — ***tenor*** hám **bas** delinedi. Atap ótilgen dawıslardaǵı hárbir qosıqshı óz wazıypasın túsingen jaǵdayda atqara bilgende ǵana xor jetilisken, jaǵımlı hám kórkem obrazlı esitiliwine múmkinshilik jaratıladı.

Xor qatnasıwshılarınıń sanına qarap ***kamer xor, úlken xor, qospa xor*** dep ataladı.

Xor jámáátleri xor shıǵarmasın orkestr yamasa saz ásbaplarınıń shertiliwinde atqaradı. Saz ásbaplarınıń qatnasısız, tek óz dawısları menen atqarıwshı xor jámááti ***kapella***

delinedi. Kapella usılı ushın jazılǵan xor shıǵarması ***a kapella*** delinedi. Xor jámáátleriniń saxnada ózin tutıw qaǵıydası:

Saxnaǵa shıǵıp atırǵanda aldı menen 1-qatar shıǵıp turıp aladı, soń qalǵan qatarlar jaylasadı.

Saxnadan shıǵarda birinshi qatar bir adım aldıǵa ótip, qalǵan qatarlardıń tártipli shıǵıp ketiwin kútip turadı. Bul qaǵıyda saxna mádeniyatına kiredi.

## WATAN

*K. Raxmanov* sózi — *S. Palwanov* muzıkası

**Marsh tempinde, keweli**




http://eduportal.uz




Bostan boldı jatqan sańıraw dalalar,
Jańa zaman baxtın óber dalalar.
Doslıǵımız baslawda jeńimpaz joldan,
Seniń dańqıń jer júzine taralar.

Naqıratı



http://eduportal.uz

## FERMATA

Fermata[1] nota hám pauzalardıń uzınlıq muǵdarın 1,5—2 esege sozıwda qollanılatuǵın arnawlı belgi. Ol 𝄐 yaki 𝄑 formada bolıp, nota hám pauzalardıń ústine yaki astına qoyıladı.




Fermatanıń uzınlıǵı shıǵarmanıń kórkemlik mazmunına hám ulıwma xarakterine baylanıslı boladı. Fermatalar ózbek hám qaraqalpaq milliy úlken qosıqlarında da kóp paydalanıladı.

### ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Xor degende neni túsinesiz hám qanday dawıslardı bilesiz?
2. «Tenor» hám «Bas» dawısları kimlerge tán?
3. S. Palwanov, K. Raxmanovtıń «Watan» qosıǵın aytıp beriń.
4. Fermata degende neni túsinesiz?

## *3—4-sabaq.* XORDA ATQARÍW USHÍN XALÍQ QOSÍQLARÍN QAYTA ISLEW

Professional kompozitorlar xor ushın arnawlı shıǵarmalar dóretiw menen birge xalıq qosıqların da kóp dawıs penen xor jámáátleri aytıw ushın qayta islegen. XX ásirdiń 50-jıllarında-aq M.Burhanovtıń xor a kapellaları úlgi bolarlıq dárejede abırayǵa erisken. Bunda onıń «Yorlarim», «Endi sendek», «Biybigúl», «Sari ko'hi baland» sıyaqlı shıǵarmaların atap ótiw múmkin.

Qaraqalpaq muzıkası tariyxında xalıq qosıqların qayta islew 50-jıllardıń aqırında payda boldı. Bunda kompozitorlardan S. Dáwletkeldieva, A. Xalimov, S. Palwanovlar bir qatar xor a kapellalar jarattı. «Dembermes», «Qızminayım», «Ayralıq» sıyaqlı xorlar solardıń ayqın mısalı.

---

[1] *ital*. fermata — toqtaw, toqtap turıw.



http://eduportal.uz

# BIYBIGÚL

*Qaraqalpaq xalıq qosıǵı*

*Xor a kapella ushın*

*Xor ushın qayta islegen Mutal Burhanov*




http://eduportal.uz




http://eduportal.uz




http://eduportal.uz




http://eduportal.uz




## RITM (USÍLLAR)

**R i t m** — bul belgili bir namadaǵı muzıkalıq seslerdiń uzın-qısqa bolıp almasıp turıwına aytıladı. Hárqanday nama yaki qosıq ırǵaǵınıń óz ritmi bar. Máselen, hámmemiz biletuǵın «Chamandagul» xalıq qosıǵınıń ritmi tómendegishe:



Ózbek hám qaraqalpaq xalıq namaları hám oyınlarınıń, ásirese, dáptiń ritmleri ráńbáreń hám quramalı.

### ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Xalıq qosıqların xor ushın maslastırǵan qaysı kompozitorlardı bilesiz? Shıǵarmaların atap ótiń.
2. Berilgen tapsırmalardaǵı ólshemdi aytıń.



3. «Biybigúl» qaraqalpaq xalıq qosıǵın kim xor ushın qayta islegen?

http://eduportal.uz

## *5-sabaq*. MUZÍKADA VOKAL-SIMFONIYALÍQ JANRLAR

Muzıka ónerinde janrlar kópligin jaqsı bilesiz hám sanap bere alasız. **Vokal-simfoniyalıq** janrlar da keń tarqalǵan.

«Vokal-simfoniyalıq» degende neni túsiniwimiz lazım?

«Vokal» — bul qosıq aytıwdı ańlatsa, «simfoniyalıq» degeni — simfoniyalıq orkestr járdeminde atqarılıwın bildiredi. Qosıqtı jeke de, xor bolıp aytıwı da múmkin. Bunday kóriniste jaratılıp, atqarılıp atırǵan shıǵarmanıń janrların anıq belgilew múmkin. Bular vokal-simfoniyalıq syuita, poema, oda (táriyip), kantata yaki oratoriyalarǵa bólinedi.

*Klass fonotekasınan N. Muxameddinovtıń «Qaraqalpaqstan» vokal-simfoniyalıq kantatasın tıńlań.*

### NÓKIS

*G. Nurlepesova* sózi *U. Abdullayeva* muzıkası






http://eduportal.uz




Táriypiń tillerde dástan,
Tınısh elseń, ashıq aspan,
Quyash bolıp kúnshıǵıstan,
Kúlip turǵan elseń, Nókis!

Naqıratı:

Nókisim gózzal bas qalam,
Gúldey jaynaǵan jas qalam.
Ullı jasıń qutlı bolsın,
Toyıńa keldik, Ássalam!

Ilim-bilim orayısań,
Xalqımnıń qutlı jayısań,
Elimniń jan sarayısań,
Baxtımızsań biziń, Nókis!



http://eduportal.uz

## PARTITURALAR HÁM KLAVIRLAR

Hárqanday muzıka ırǵaǵı shıǵarma sıpatında notaǵa túsiriledi. Onıń kórinisi partitura yaki klavir túrinde boladı.

**Partitura** — ansambl, xor, orkestr ushın jazılǵan shıǵarmanıń notadaǵı jazılıwı. Ol jámáátlerdiń hárbir qatnasıwshısı birgelikte atqaratuǵın ırǵaqları, partiturada qaǵıydalar boyınsha tómengi-ústingi etip, kóp qatarlı arnawlı nota dápterine jaylastırılǵan boladı.

**Klavir** bolsa sol ansambl, xor, orkestr yaki saxna shıǵarmaları muzıkasınıń ıqsham túrde, dawıs hám forte-piano atqarıwı ushın mólsherlep jazılǵan nota kórinisi bolıp tabıladı.




## ?! Soraw hám tapsırmalar

1. «Vokal-simfoniyalıq» janr degen ne?
2. N. Muxameddinovtıń «Qaraqalpaqstan» vokal-simfoniyalıq kantatası sizde qanday tásir qaldırdı?
3. Partiturada qanday qaǵıydalar bar hám olar qalay jaylastırıladı?

## *6—7-sabaq.* ODA (Táriyip) JANRÍ. KANTATA HÁM ORATORIYALAR

Kórkem sóz ustası, jeke atqarıwshı, xor hám orkestr ushın jaratılǵan vokal-simfoniyalıq baǵdarındaǵı shıǵarmada qaysı bir ullı insan ulıǵlansa yaki Watandı jırlasa, yoshlı atqarılsa, olardı **oda** (táriyip) janrında jazılǵan boladı. Kompozitorlar hám shayır birgelikte jaratılatuǵın jańa shıǵarmanıń librettosın, tekstin aldınnan kelisip jazıp aladı. Soń kompozitor bul libretto tiykarında tutas muzıkalıq shıǵarma — oda jaratıwǵa kirisedi. Odalar kóbirek bayram hám saltanatlarda atqarıladı.

Vokal-simfoniyalıq muzıka baǵdarında **kantata** janrı da keń tarqalǵan. Bul janrda jaratılǵan shıǵarmalarda házirgi dáwir, jańa tariyxtıń áhmiyetli waqıyaları sáwlelenedi. Kantatalar saltanatlı, lirik hám epik xarakterde jazılıp, birneshe bólimlerden ibarat bolıwı múmkin. Tamamlanǵan mániske iye bólimlerin ayırıp-ayırıp atqarıwǵa da boladı.

**Oratoriya** vokal-simfoniyalıq muzıkanıń eń iri janrı bolıp, ádette, dramalıq temada jazıladı. Dramalıq waqıyalar sóz hám muzıkada sezilip tursa da, aytıp atırǵan jeke atqarıwshılar hám xor saxnada háreket etpeydi. Oratoriyanıń kantatadan parqı onıń kólemi esabınan úlkenligi, epik-dramalıq xarakterde bolıwı hám temasınıń keńliginde bolıp esaplanadı.

*Klass fonotekasınan Ǵ. Qodirovtıń «Maktabjon — oftobjon» kantatasınan, Q. Zaretdinovtıń «Posqan el» oratoriyalarınan úzindiler tıńlań.*

### OPPOQ QISH-EY, OPPOQ QISH

*Polat Momin* sózi — *Anatoliy Varelas* muzıkası




http://eduportal.uz




Dam olmoqda dalalar,
Keng vodiylar, daralar.
Fasl zavqi atrofga
Qo‘shiq bo‘lib taralar.

N a q a r o t :

http://eduportal.uz



Oppoq qish-ey, oppoq qish,
Eh qorlari yumshoq qish.
Chana, konki o‘ynatgan
Quvnoq qish-ey, quvnoq qish.

Tarnovlarda sumalak,
Ko‘llar oyna yaxmalak.
Ayting, ayting, bo‘lmasin,
Hech kim yo‘lda charxpalak.

N a q a r o t



**Fa major.**



**Re minor.**



### ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Oda, kantanta, oratoriya janrları haqqında aytıp beriń.
2. «Oppoq qish-ey, oppoq qish» qosıǵınıń avtorları kim?
3. Berilgen tapsırmanıń ólshemin anıqlań.



http://eduportal.uz

## BEKKEMLEW USHÍN TAPSÍRMALAR
## II sherek

**1. «Xor» degende neni túsinesiz?**

a) sázendelerden quralǵan jámáát;
b) atqarıwshı jámáát;
d) sázendeler hám ayaq oyınshılardan quralǵan jámáát;
e) qosıqshılar jámááti.

**2. «Soprano» hám «alt» dawısları kimlerge tán?**

a) er adamlarǵa;
b) hayallar hám er adamlarǵa;
d) hayal-qızlar yaki balalarǵa;.
e) aralas xorǵa.

**3. XX ásirdiń neshinshi jıllarında Mutal Burhanovtıń xor a kapelları úlgi dárejesinde dıqqatqa miyasar bolǵan?**

a) 50-jılları;
b) 60-jılları;
d) 40-jılları;
e) 30-jılları

**4. Tómendegi rebustı ses atların qoyıp oqıń.**



-y -k -nora -nut -x -n

**5. Shınıǵıwdaǵı «x» tıń ornındaǵı ses uzınlıǵın anıqlań.**




**6. Ritmin anıqlań.**



http://eduportal.uz

# III SHEREK

# SAXNALÍQ MUZÍKA SHÍǴARMALARÍ — BALET HÁM AYAQ OYÍN ÓNERI, MUZÍKALÍ DRAMA HÁM KOMEDIYA, BALALAR USHÍN MUZÍKALÍ ERTEK-TAMASHALAR

## *1-sabaq*. SAXNALÍQ MUZÍKA SHÍǴARMALARÍ

Saxnalıq muzıka shıǵarmalarına — opera, balet, muzıkalıq drama hám komediya, operetta, balalar ushın jazılǵan muzıkalı ertekler, muzıkalı tamashalar kiredi. Watanımızdıń hárbir perzenti joqarıda atap ótilgen janrlarda jazılǵan saylandı shıǵarmaların biliwi, tıńlap, tamasha etip, olardı bir-birinen ajırata biliwi lazım. Bunday janrlarda jazılǵan shıǵarmalardı saxnalastırıw ushın pútkil dúnyada bolǵanı sıyaqlı biziń Respublikamızda da arnawlı teatr-tamasha orınları bar. Máselen, A.Nawayı atındaǵı Úlken akademiyalıq opera hám balet teatrı, Muqimiy atındaǵı Respublika Mámleketlik muzıkalı teatrı, Operetta teatrı, Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq Mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrı,



**Alisher Nawayı atındaǵı Úlken akademiyalıq opera hám balet teatrı**



**Qaraqalpaq Mámleketlik jas tamashagóyler teatrı**



**Qaraqalpaq Mámleketlik quwırshaq teatrı**

Ózbek hám rus jas tamashagóyler teatrları, Respublikalıq quwırshaq teatrları, wálayat hám qalalardaǵı Mámleketlik teatrlar.

*Klass fonotekasınan P. Chaykovskiydiń «Oqqush ko'li» baletinen úzindiler tıńlań.*

## ǴÁREZSIZLIK BAYRAMÍ

*O. Qállibekov* sózi *Q. Ótegenov* muzıkası




http://eduportal.uz




Sen ájayıp elseń, ashılǵan gúlseń,
Sen qutlı mákansań, ádiwli jerseń.
Seniń qushaǵıńda kámalǵa keldim,
Júregimde tursań men qayda júrsem.

Búgin miymanlarǵa qushaǵın ashqan,
Kewli quwanıshtan máwjirep tasqan.
Búgin dúnya tanır Ana jerimdi,
Xalqım keleshekke nıq qádem basqan.

Naqıratı:

Búgin biziń elde bayram,
Shadlanısıp gúldey jaynań.
Bayramıńız qıtlı bolsın,
Keliń, doslar, kel qádirdan.
Ǵárezsizlik bayramı,
Ǵárezsizlik bayramı,
Ǵárezsizlik bayramı,
Qutlı bolsın.

http://eduportal.uz

## MUZÍKADA ÓLSHEMLER

Hárqanday shertilip atırǵan yaki notaǵa túsirilgen muzıkalıq shıǵarmanıń óz ólshemi bar. Ólshemsiz nama bolıwı múmkin emes. Bul shıǵarmanıń tıńlawshıǵa unawında úlken járdem beredi. Ólshemlerdiń aytılıwı hám jazılıwı tómendegishe:

Eki sherek — 2/4
Úsh sherek — 3/4
Tórt sherek — 4/4
Altıda segiz — 6/8 hám basqa.

Muzıkada ólshem birlikleri shıǵarmanıń baslanıwında, giltler hám alteraciya belgilerinen soń qoyıladı.

**?! Soraw hám tapsırmalar**

1. Saxnalıq muzıkalıq shıǵarmalarǵa qanday tamashalar kiredi?
2. Respublikamızdaǵı teatrlardı atap bere alasız ba? Qaysı teatrlarǵa barǵansız yaki barıp tamasha kóriwdi qáleysiz?
3. Tıńlaǵan úzindińiz bir-birinen parıqlana ma? Aytıp beriń.
4. «Ǵárezsizlik bayramı» qosıǵınıń avtorı kimler? Aytıp beriń.

## *2—3-sabaq*. BALET ÓNERI. ÓZBEK HÁM QARAQALPAQ BALETI

**Balet** — muzıka hám ayaq oyın háreketleri arqalı obrazlar, waqıyalar jaratıw óneri. Balet shıǵarmasın dramalıq tema, ayaq oyın, is háreket, názik háreketler, muzıka, saxna bezew-leri hám kiyim-kenshekler quraydı.

Pútkil dúnyaǵa belgili «Aqquw kóli», «Qarsildoq» hám «Úyqıdaǵı gózzal» baletlerin XIX ásirde jasaǵan rus kompozitorı Pyotr Ilich Chaykovskiy dóretken. Bul baletlerdi biziń xalqımız da jaqsı biledi, súyip tamasha etedi. XX ásirde jaratılǵan «Gayane», «Spartak» (Aram Xachaturyan), «Baqshasaray fontanı» (B. Asafyev), «Romeo hám Juletta», «Zolushka» (S. Prokofyev) baletlerin de kópshilik biledi.



http://eduportal.uz



Balet janrı Ózbekstanda da rawajlanǵan. XX ásirdiń 30-jılların baslap «Paxta» (Roslavec), «Orzu» (I. Akbarov), «Sevgi tumori» (M. Ashrafiy), «Tanavor» (A. Kozlovskiy) sıyaqlı baletler jaratıladı. 80-jılları ózbek kompozitorı Ulıǵbek Musayev tárepinen jaratılǵan «Hind dostoni» hám «Tumaris», Avaz Mansurovtıń 1 perdeli «Sharq afsonasi», Anvar Ergashevtıń «Humo», qaraqalpaq kompozitorı N. Muxameddinovtıń «Ayja-





mal» baletleri el awzına tústi. 90-jılları bolsa Mustafa Bafoyev «Ulıǵbek burji» hám «Nodira» milliy ayaq oyın usılındaǵı baletlerin dóretti.

2015-jılı bolsa qaraqalpaq kompozitorı Qurbanbay Zaretdinovtıń «Qırıq qız» baleti saxna júzin kórdi.

Balet ónerin barlıq xalıqlar birdey túsinedi hám súyip tamasha etedi. Bunnan keyin de jetik ózbek hám qaraqalpaq baletleri dóretilip, pútkil dúnyaǵa keńnen tarqaladı.

*Klass videotekasınan U. Musaevtıń «Tumaris», N. Muxameddinovtıń «Ayjamal», Q. Zaretdinovtıń «Qırıq qız» baletlerinen muzıka tıńlań.*

## SUMALAK

*Toxtamurad Bahromov* sózi | *Shermat Yormatov* muzıkası




http://eduportal.uz




Tomchilar billur rangda,
Qarang, qarang, qarang-a,
Ko‘z yoshin qilmas kanda,
Attang, attang, attang-a.

Qishni kuzatsa kerak
Sumalak,
Bahordan berib darak...
Chak-chak, chak-chak,
chak-chak-chak.

http://eduportal.uz

## DIRIJYORLÍQ ÓNERI



**Dirijyor** — muzıkalıq shıǵarmanı atqarıwshı jámáátlerge basshılıq etiwshi kórkem óner xızmetkeri. Ol muzıka tarawı boyınsha tereń bilimge iye bolıwı shárt. Dirijyor atqarıwshı jámáát penen tayarlıqtı muzıkalıq shıǵarmanı xalıqqa usınbastan burın alıp baradı. Ol atqarıw waqtındaǵı shıǵarmanıń atqarılıw tezligi, dinamikası, atqarıwshılardıń toqtaw yaki atqarıw waqtın kórsetip turadı, sonday-aq, jámáátti birlestiredi hám ruwxlandıradı. Dirijyorlıq kórkem óner hám kásip sıpatında XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń baslarında qáliplesti. Dirijyorlar eki baǵdarda xızmet etedi. Orkestr dirijyorı hám xor jámáátiniń dirijyorı. Ózbek orkestr dirijyorlarınan M. Ashrafiy, D. Abdurahmanova, Z. Haqnazarov, E. Azimov, F. Abdurahimovanı hám de xor jámáátleriniń dirijyorlarına V. Umidjanov, Sh. Yormatov, J. Shukurovlardı, qaraqalpaq orkestr dirijyorlarınan A. Sultanov, M. Kamalov, B. Otarbaev, A. Abdullaeva, S. Reymov, xor jámááti dirijyorlarına S. Dáwletkeldieva, A. Mámbetov. S. Palwanov, Q. Ótegenov, Q. Záretdinov hám taǵı basqalardı aytsaq boladı. Watanımız muzıka mádeniyatı rawajlanıwında dirijyorlıq óneriniń ósip barıwı úlken áhmiyetke iye.

### ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Balet degenimiz ne?
2. Qanday ózbek hám qaraqalpaq baletlerin bilesiz?
3. «Ayjamal» baletiniń avtorı kim?
4. P. Chaykovskiydiń hám basqa da belgili baletlerdiń atların aytıń.
5. «Ayjamal» baletindegi sizge unaǵan namanı atqarıp beriń.

http://eduportal.uz

## *4-sabaq*. ÓZBEK HÁM QARAQALPAQ AYAQ OYÍN ÓNERI. AYAQ OYÍN MEKTEPLERI

Hárbir xalıqtıń burınnan qáliplesip kiyatırǵan óz ayaq oyın óneri hám sol ayaq oyındı sáwlelendirip turatuǵın namaları boladı. Ózbek xalıq ayaq oyınları da keń taralǵan bolıp, názik háreketler hám olarǵa jarasqan milliy kiyimler menen kórkem obrazlar jaratıladı.

«Dilxiroj», «Qari navo», «Zang», «Duchava» sıyaqlı ayaq oyın namaları jańlaǵanda kóz aldımızǵa anıq ayaq oyın háreketleri keledi. XX ásirdiń 2-yarımınan baslap Muxammedjan Mirzaev, Baxtiyar Aliyev hám basqa kompozitorlardıń jańa namaırǵaqları tiykarında ózbek ayaq oyın óneri jáne de rawajlandı. Buǵan Mukarrama Turǵunbaeva, Isoxor Oqilov, Qundız Mirkarimova, Yulduz Ismatovalardıń saxnalastırǵan ayaq oyınları Ózbekstan ayaq oyın óneriniń altın fondına kirgizilgen.

Qaraqalpaq ayaq oyınlarınıń mazmunı xalıqtıń kúndelikli turmısınan alınıp, olarda hayal-qızlardıń gózzallıǵı, iybeligi, miynet islewi (gilem toqıwı, kiyiz basıwı), er azamatlardıń is háreketleri, sharwashılıq penen shuǵıllanıwı, túrli kórinislerde súwretlenip, jeke yamasa topar bolıp atqarılıwı ushın saxnalastırılǵan. Olardan: «Qaraqalpaq toyı», «Qız uzatıw», «Balıqshılar», «Qırıq qız», «Aq altın», «Ayqulash», «Shabandozlar» hám taǵı basqa ayaq oyınların atap ótsek boladı.





«Balıqshılar» («Shaǵala») ayaq oyını — úsh bólimnen ibarat. Ayaq oyınnıń birinshi bóliminde balıqshılardıń tor toqıwı hám olardı kóterip taslawları bayan etilgen. Oyınnıń sol waqıtta balıqshılardıń qum astınan ózlerine tán qádem taslawı shıraylı oyın háreketlerinde óz kórinisin tapqan. Olar qayıqqa bir qatar bolıp otırıp eskek ese baslaydı. Birden olar orınlarınan turıp balıq penen tolǵan tor shetinde ushıp júrgen balıqshı quslar sıyaqlı saxnada usha baslaydı.

*Klass fonotekasınan T. Esirkepovtıń «Báhár valsi» shıǵarmasın hám basqa ayaq oyın namaların tıńlań.*

## SHAĠALA

*Xalıq* sózi *Xalıq* muzıkası




http://eduportal.uz




http://eduportal.uz




http://eduportal.uz




Shaq shaǵala, shaǵala,
Japtıń boyın jaǵala.
Ílay suwda balıq bar,
Ala almaysań, shaǵala.

http://eduportal.uz

## MUKARRAMA TURǴUNBAEVANIŃ ÓMIRI HÁM DÓRETIWSHILIGI



Ózbekstan xalıq artisti, Ózbekstannıń belgili oyınshısı, baletmeyster, xalıqlıq ózbek saxna ayaq oyını hám «Báhár» ayaq oyın ansambliniń tiykarın salıwshı Mukarrama Turǵunbaeva 1913-jıl 31-mayda Ferǵanada tuwılǵan. 1929—1933-jılları muzıkalı teatr-studiyasında milliy ayaq oyın boyınsha ataqlı ustaz Usta Olim Komilov, sheber oyınshı hám artist Yusufjon qızıq Shakarjanovtan ózbek, Evropa klassik ayaq oyını, saxnalıq — xalıq hám estrada ayaq oyın óneri boyınsha Tamaraxanım sıyaqlı ustazlardan sabaq alǵan.

Xoreografiya bilim jurtında oqıp júrgen dáwirinde-aq, M. Turǵunbaeva Tamara Yunusova ushın «Báhár» ayaq oyının saxnalastıradı, bul bolsa «Báhár»di Moskva, Varshava, Hindstan, Qıtay hám basqa kóp mámleketler saxnalarında qoyıldı. M. Turǵunbaeva atqarıwshılıq hám baletmeystrlik xızmetinen tısqarı 1947-jıldan baslap ózbek xoreografiya bilim jurtında pedagoglıq xızmetin de alıp barǵan. Onıń shákirtleri H. Komilova, Q. Mirkarimova, F. Kaydani, T. Yunusova, R. Qurbanova, B. Qoriyeva, S. Haybullayeva hám basqalar bolǵan. 1957-jılı M. Turǵunbaeva «Báhár» milliy ayaq oyın ansamblin shólkemlestirip, bul jámáát ushın 15 koncert baǵdarlamasın jarattı hám saxnalastıradı. M. Turǵunbaeva ózbek xoreografiyasınıń altın fondına kirgizilgen «Tanovar», «Kalta oʻyin», «Jahon», «Pilla», «Paxta» sıyaqlı ózbek milliy ayaq oyınlarınıń tiykarın salıwshı hám atqarıwshısı esaplanadı.

1960-jılı «Báhár» Ózbekstan Mámleketlik milliy ayaq oyını ansambline aylanadı. Mukarrama Turǵunbaeva 1978-jılı 26-noyabrde qaytıs bolǵan.

## ÓZBEK AYAQ OYÍN MEKTEPLERI

Ózbekstanda ayaq oyın óneriniń qáliplesiwine tiykar salǵan ayaq oyın ustaları hám ustazları sıpatında Yusufjan Shakarjanov, Usta Olim Kamilov, Tamaraxonim, Mukarrama Turǵunbaeva, Isoxor Oqilov, Galiya Izmaylova, Elizaveta Petrosova, Qundız Mirkarimova, Roziya Karimovalar tán alınǵan.

Ózbekstan aymaǵında házirgi kúnde ózine tán teması, dáp shertiwleri hám ájayıp ırǵaqlarǵa iye bolǵan 5 ayaq oyın mektebi bar. Bular: Ferǵana—Tashkent mektebi, Buxara mektebi, Xorezm mektebi, Surxandárya—Qashqadárya mektebi, Qaraqalpaq mektebi.

## FERǴANA—TASHKENT AYAQ OYÍN MEKTEBI



Ferǵana ayaq oyınları «Úlken oyın» hám «Kishi oyın» bolıp bólingen. «Úlken oyın» 280 nen zıyat dáp usıllarına tán háreketlerden ibarat bolıp, tiykarınan úlken maydanlarda atqarılǵan. «Kishi oyın» bolsa úy ishinde atqarılǵan. Onda milliy saz-ásbaplarında qosıqlarǵa ayaq oyın oynalǵan.

Ferǵana—Tashkent ayaq oyın usılında «Tanovar»lar áhmiyetli orın iyeleydi. Tonovardıń xalıq aytısları usılında «Qorasoch», «Sumbula» (xalıq sózleri), «Endi sendek» (sózi Muqimiyden) variantları duwtar menen oynalǵan. Tanovar birinshi mártebe Mukarrama Turǵunbaeva tárepinen XX ásirdiń 40-jıllarında saxnalastırılǵan. Ol 1957-jılı «Báhár» oyınshılar toparın shólkemlestirip, onda «Bahor» valsi, «Bayot», «Pilla», «Rohat», «Paxta», «Tanovar», «Katta o‘yin», «Munojot», «Namanganning olmasi» hám basqa júzlegen ayaq oyınlardı saxnalastırǵan. Bul oyınlar kóplegen shet el saxnalarında qoyılıp, alǵıslarǵa miyasar bolǵan.

## ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Ózbek ayaq oyın óneri haqqında nelerdi bilesiz?
2. «Shaǵala» ayaq oyının oynap úyreniń.
3. Mukarrama Turǵunbaevanıń ómiri hám dóretiwshiligi haqqında nelerdi bilip aldıńız?
4. Ferǵana ayaq oyın mektebiniń tiykarın salǵan kim?

## *6-sabaq*. XOREZM AYAQ OYÍN MEKTEBI



Ózbek xalıq ayaq oyın usılı Xorezmde áyyem zamanlardan beri qáliplesken hám ásirler dawamında jetilisip kelgen.

Xorezm ayaq oyınları mektebiniń tiykarın salıwshısı, Ózbekstan xalıq artisti Gáwhar Rahimova 1968-jılı Xorezmde «Lázgi» oyınshılar ansamblin dúzip, kóp jıllar dawamında usı ansamblge basshılıq etken. Ansambldiń baǵdarlamasında Usta Alım Komilov tárepinen saxnalastırılǵan «Ufori sohta», «O‘zbekiston qizlari», «Jayhun misoli», «Lazgi», «Ko‘zim qarog‘im», «Lazgi salomi» sıyaqlı xorezm ayaq oyınları orın alǵan. Keyin ala ol Xorezm maqamlarına da «Yurak uyg‘ondi», «Xiva qizlarining lazgisi», «Oltin zangi», «Baxtiyor onlar» sıyaqlı ayaq oyınlardı saxnalastıradı.

## BUXARA AYAQ OYÍN MEKTEBI



Buxara ayaq oyın mektebinde qol, ayaq, júz hám dene háreketleri Ferǵana hám Xorezm mektepleri sıyaqlı ózine tán bolǵan nama-qosıqlar hám ırǵaqlarınan ibarat. Ayaq tepsiniwiniń

tezligi, qol háreketleriniń keskinligi, qáddi-qáwmet hám kóz-qaraslardaǵı kóterińkilik, jıllı júzlilik, iyin búlkildileri menen tamashagóyge zawıq baǵıshlaydı. Hayal-qızlar atqarıwındaǵı «Buxara», er adamlardıń dápte qosılıp oynaǵan «Mavrigi», sonday-aq, «Qayroq ifori», «Larzon», «Zang» sıyaqlı oyınların hámme jaqsı biledi. Bul oyınlar bir-birinen parıqlı ráwishte ajıralıp turadı.

Buxara ayaq oyın mektebiniń tiykarın salıwshıları Isoxor Oqilov hám Margarita Oqilovalar bolıp esaplanadı.

## *7-sabaq*. QARAQALPAQ AYAQ OYÍN MEKTEBI



Qaraqalpaq mádeniyatı ásirler dawamına rawajlanıp kelmekte. Xalqımızdıń mádeniy miyrasları, qádiriyatları kóp jıllıq tariyxqa, xalıq áwızeki dóretpelerinde, ásirese, ayaq oyın ónerinde kózge taslanadı. Qaraqalpaq xalqı, tiykarınan, bayram kúnlerinde ózi jasap atırǵan keńliklerde, awıl tábiyatı qushaǵında oyınǵa túsiwdi jaqsı kóredi. Oyınlar arqalı quwanıshın, ómirden alǵan lázzetlerin, arzıw-ármanların jetkizip beriwde dene, iyin, bas, qol, ayaq háreketleri arqalı orınlaydı.

XX ásirde qaraqalpaq xalıq ayaq oyınları kásip dárejesine kóterilip, saxnalarǵa shıǵa basladı. Olardan «Ayqulash», «Shaǵala», «Shopanlar», «Aral jigitleri», «Suwǵa barǵan qız» sıyaqlı ayaq oyınlar saxna kórinisleri menen qaraqalpaq xalqınıń ózligin dúnyaǵa tanıttı.

XX ásirdiń 1956–1970-jıllarında Qaraqalpaqstanda jasap dóretiwshilik penen shuǵıllanǵan belgili ayaq oyınshı hám baletmeyster Elizaveta Petrosova (laqabı «Lizaxonim») Qaraqalpaq mámleketlik filarmoniyasında ayaq oyınshılar ansamblin dúziwde belsendilik kórsetti. Ol saxnalastırǵan «Qaraqal-

http://eduportal.uz

paq toyı» ayaq oyın syuitası, «Qız uzatıw», «Balıqshılar», «Aq altın», «Qırq qız» sıyaqlı oyınlar Qaraqalpaq ayaq oyın mektebiniń qálipleskeniliginen derek beredi. Olar dúnya saxnalarında atqarılǵan hám úlken húrmetke bólengen.

## SURXANDÁRYA–QASHQADÁRYA AYAQ OYÍN MEKTEBI



Surxandárya–Qashqadárya ayaq oyın mektebi ózbek mádeniyatınıń rawajlanıwında óz ornına iye bolıp, xalıq dóretiwshiliginiń úlgisi sıpatında itibarǵa ılayıqlı. Surxan úlkesi júdá áyyemgi tariyxqa iye ekenligi menen insaniyat jámiyetiniń jetilisiwine de óz tásirin tiygizgen.

Surxandárya–Qashqadárya ayaq oyın mektebiniń tiykarǵı usılı qol, ayaq, dene háreketleriniń mánis-mazmunı tábiyat ózgeshelikleri, sol átiraptıń ıqlım sharayatı, jıl máwsimleriniń ózgerisleri menen baylanıslı jaǵdayda xalıqtıń turmıs tárizi jasaw hám miynet etiw sharayatların sáwlelendiredi. Atap aytqanda, báhárgi miynet máwsimi keliwden aldın «Navro‘z», «Gul sayli», «Shox moylash», jazǵı máwsim aldı — «Suv sayli», «Choy momo», «Shamol chaqirish», gúzgi jıyın-terim máwsiminde — «Xirmon» to‘yi, «Uzum sayli», «Qovun sayli», qısta bolsa — «Qorxat», «Yasan-tusan», «Gap-gashtak» sıyaqlı kórinisler ayaq oyınlar arqalı sáwlelenedi. Folklor qosıq-namalarınıń mazmunı bir-birine say háreketler hám milliy kiyimler arqalı ashıp beriledi.

Bul úlkeniń materiallıq emes mádeniy miyrasları kóp jıllardan berli. ótkerilip kiyatırǵan «Baysın báhári» dep atalǵan ashıq folklor festivalı arqalı dúnya xalıqlarına inam etiledi.

*Klass fonotekasınan Surxandárya–Qashqadárya hám Qaraqalpaq ayaq oyın namalarınan úzindiler tıńlań.*

## SUMALAK

*Anvar Obidjon* sózi — *Xurshida Hasanova* muzıkası




http://eduportal.uz




Naqarot

Doshqozonda qaynaydi jo‘shib,
Sumalak ham aytmoqda qo‘shiq.
Sumalakdan yalar bolalar
Momolarning mehrini qo‘shib.

Quyoshli kun, oydin kechalar,
Gul shoxida bulbul kuy chalar.
O‘zbekona bunday bayramni
Orzu qilgan necha-nechalar.

## TAMARAXANÍM



Ózbek professional ayaq oyınınıń tiykarın salıwshılardan biri, Ózbekstan xalıq artisti, qosıqshı, oyınshı hám baletmeyster Tamaraxanım (Tamara Artemovna Petrosyan) 1906-jılı Ferǵana wálayatında tuwılǵan.

Jaslıǵınan kórkem ónerge qızıǵıwshılıǵı sebepli dáslep Marǵulan, Ferǵana hayalqızları arasında oyınǵa túsip, qosıq aytqan hám de Yusufjan qızıq Shakarjanov, Usta Alım Kamilovlardan ózbek ayaq oyınshılarınıń háreketlerin, Hamzadan qosıqshılıq, aktyorlıq ónerin úyrendi.

1923—1924-jılları Moskva teatr texnikumında oqıydı. 1924-jılı M.Qoriyoqubov basshılıǵındaǵı koncert truppasında islep, usı truppa menen 1925-jılı Parijde Ózbek ayaq oyın ónerin saxnaǵa alıp shıǵadı. Tamaraxanım «Lolaxon», «Qorasoch», «Bilakuzuk», «Oyijon», «Fabrikaning yo'lida», «Qizlar, shitobingiz nima», «Gulyor» qosıqları, «Dilxiroj», «Qarinavo», «Usmoniya» sıyaqlı ayaq oyınlardı saxnalastırǵan. Tamaraxanım Ekinshi dúnya júzilik urıs jıllarında koncert brigadası menen armiya bólimlerinde xızmet etken hám onıń atqarıwında 500 den artıq qosıq hám ayaq oyınlar 86 tilde jańlaǵan. Tamaraxanım Franciya, Norvegiya, Germaniya, Italiya, Túrkiya, Iran, Hindstan sıyaqlı mámleketlerde gastrol saparında bolıp, Ózbek milliy ayaq oyın ónerin dúnyaǵa tanıttı.

2001-jıl «Buyuk xizmatlari uchun» ordeni menen sıylıqlandı. Tashkent qalasında onıń úy muzeyi islep turıptı. Bul muzey túrli millet ayaq oyınlarına arnalǵan kiyimleri, jeke buyımları, túrli jıllardaǵı afisha hám súwretleri saqlanǵan. Bul muzey házir xalıqtıń tamasha etetuǵın mádeniy ornına aynalǵan.

## POLAT MÁDREYMOV



Polat Mádreymov Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq artisti, Hamza atındaǵı Mámleketlik sıylıqtıń laureatı, baletmeyster. Qaraqalpaq ayaq oyın óneriniń hám «Ayqulash» ansambliniń rawajlanıwında, qaraqalpaq ayaq oyın óneriniń keń jámiyetshilikke tanılıwında úlken úles qosqan insan.

P. Mádreymov 1942-jılı Shımbay rayonında tuwılǵan. Tashkenttegi xoreografiya uchilishesin pitkerip, Tashkent hám Samarqand opera hám balet teatrında islep, tájiriybe alǵan. Ol qaraqalpaq ayaq oyın ónerine 1965-jıldan baslap kirip keledi. 1972-jılı Moskva mámleketlik

teatr óneri institutınıń (GITIS) xalıqlıq kórkem óner boyınsha rejissyor-baletmeyster bólimin tamamlap, házirgi kúnge shekem «Ayqulash» ansamblinde islep kelmekte.

Qaraqalpaqstanda xoreografiyanıń klassik shıǵarmalarına aylanǵan «Shabandozlar», «Aral jigitleri», «Qaraqalpaqsha lirikalıq oyın», «Jılwa», «Altı qız», «Ilme Sultan», «Lázzet», «Ayqulash», «Ańǵalaq», «Ǵodalaq» hám taǵı basqa qaraqalpaq ayaq oyınlarınıń jaratılıwında xızmeti ullı boldı.

### ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Qaraqalpaq ayaq oyının XX ásir dawamında saxnaǵa alıp shıǵıp, onı jáne de rawajlanıwında kimlerdiń xızmetleri úlken?
2. Surxandárya ayaq oyınlarında háreketler hám onıń pútkil bir bólimi ne dep ataladı?
3. Belgili qaraqalpaq ayaq oyın atların aytıń.
4. Tamaraxanımnıń ayaq oyın ónerine qosqan úlesin aytıp beriń.

## *8-sabaq*. MUZÍKALÍ DRAMA HÁM KOMEDIYA

Ózbekstanda muzıka óneriniń bárlıq janrları qatarında muzıkalı drama hám komediya — saxnalıq muzıkalı shıǵarmaları da keń tarqalǵan. XX ásirdiń 30-jıllarınan baslap Evropa operalarına eliklew sıpatında bul janrlar rawajlanǵan.

**Muzıkalı drama** — saz ásbabı hám vokal muzıka tiykarǵı orındı iyelegen dramalıq saxna shıǵarması. T. Jalilovtıń «Tohir va Zuxra», «Nurxon», T. Sadıqov hám R. Glierlerdiń «Layli va Majnun», qaraqalpaq saxnasındaǵı kóringen V. Shafrannikovtıń «Alpamıs», A. Xalimov, J. Shamuratovlardıń «Ǵárip ashıq», keyin ala Yunus Rajabiy, Sayfi Jalil, Mustafa Bafoyev, Farhod Alimov sıyaqlı kompozitorlar dóretken shıǵarmalar muzıkalı drama janrınıń jarqın úlgilerine aylanǵan.

Muzıkalı komediyanıń muzıkalı dramadan parqı júdá az. Tek olardı dramalıq temasınıń baǵdarına qaray ajıratıw múmkin: haqıyqıy waqıya mazmunında tema muzıkalı drama bolsa, yumorlıq mazmundaǵı tema **muzıkalı komediya** boladı.

Sonlıqtan komediyalardıń muzıkası da jeńil, yoshlı ırǵaqta boladı. Ázerbayjan kompozitorı Uzeir Gadjibekovtıń «Arshin mal-alan», Manas Leviyevtiń «Toshbolta oshiq» hám «Oltin kól», Ikrom Akbarovtıń «Oʻjarlar», Alimjan Xalimovtıń «Súymegenge súykenbe» sıyaqlı shıǵarmaları buǵan mısal bola aladı.

*Klass fonotekasınan «Toʻylar muborak» «Otmagay tong» shıǵarmalarınan úzindiler hám A. Xalimov, J. Shamuratovlar jazǵan «Ǵárip ashıq» muzıkalı dramasınan úzindi tıńlań.*

## «EKI SHEREK» (2/4) ÓLSHEMINDE DIRIJYORLÍQ

Bul ólshemde dirijyorlıq etiw ushın qáddińdi dúzep tik turıp, eki qol jelkeniń bálentliginde alǵa qaray kóteriledi, barmaqlar bos qoyıladı. Dem alıp, eki qol bir tegis tómende sızıp kórsetilgen baǵdar boyınsha háreketlene baslaydı:

*Shep qol* *Oń qol*




«Bir» degende qollar tómenge túsip, qaptalǵa ketedi; «eki» degende bolsa joqarıǵa kóteriledi hám bul háreket bir qálipte muzıka tamamlanǵansha tákirarlana beredi.

## NAWRÍZ

*T. Muxiyatdinov* sózi *J. Shershemov* muzıkası






http://eduportal.uz




## ?! Soraw hám tapsırmalar

1. A. Xalimov, J. Shamuratovlardıń «Ǵarip Ashıq» muzıkalı draması haqqında aytıń.
2. Muzıkalı komediyanı táriyiplep beriń.
3. «Nawrız» qosıǵın aytıp beriń.
4. Takt sızıqların qoyıń.



## *9-sabaq*. UZEIR GADJIBEKOVTIŃ «ARSHIN MOL-OLON» MUZÍKALÍ KOMEDIYASÍNÍŃ DÚNYA XALÍQLARÍ KÓRKEM ÓNERINDEGI TUTQAN ORNÍ HÁM ÁHMIYETI



Uzeir Gadjibekov 1885—1948-jılları jasap, dóretiwshilik etken ullı ázerbayjan kompozitorı. Onıń atı kóp ellerge taralǵan, muzıkaları hámmege tanıs bolıp qalǵan. Buǵan tiykarǵı sebep, óz xalqınıń muzıka miyrasın jetik biliw menen birge, dúnya mádeniyatın da tereń úyrengenliginde. Sonday bilimli insanlar ǵana hámmege unaytuǵın shıǵarmalar dóretiwi múmkin. «Arshin mol-olon» muzıkalı komediyası dúnya xalıqları kórkem óneriniń dúrdanasına

http://eduportal.uz

aylanıp ketiwi biykarǵa emes, álbette. Bul shıǵarma biziń xalqımızdıń da súyikli shıǵarmalarınan biri, barlıq teatrlarımızda saxnalastırılǵan. 1945-jılı «Arshin mol-olon» kinofilmi súwretke alınǵan.

*Klass fonotekasınan «Arshin mol-olon» nama qosıqlarınan tıńlap, onnan zawıq alıń.*

## «ÚSH SHEREK» (3/4) ÓLSHEMINDE DIRIJYORLÍQ

Qáddi-qáwmetińizdi tik tutıp, dirijyorlıq ornın iyelep, eki qol bir-birine kerisinshe 3 baǵdarda tómende sızıp qoyılǵanday háreketke kele baslaydı:

Shep qol




Oń qol



**Soraw hám tapsırmalar**

1. U. Gadjibekov qaysı jılları jasap dóretiwshilik islegen?
2. U. Gadjibekov hám onıń «Arshin mol-olon» muzıkalı komediyasınıń ornı hám áhmiyeti haqqında aytıp beriń.
3. 3/4 ólsheminde takt sızıǵın qoyıń.




4. «Úsh sherek»te dirijyorlıq etiw ushın nelerge itibar beriw lazım?

http://eduportal.uz

## *10-sabaq*. RESPUBLIKA TEATRLARÍNDA BALALAR USHÍN JARATÍLǴAN MUZÍKALÍ ERTEK-TAMASHALAR



Ózbekstan kompozitorları respublikamızda bar bolǵan barlıq teatr jámáátleri hám dramaturgleri menen birgelikte hár jılı balalar ushın onlaǵan muzıkalı ertek-tamashalar jaratadı.

Respublika teatrlarında balalar ushın qoyılıp atırǵan muzıkalı ertek-tamashalar atların hám olardıń avtorların eslep qalıń:

**Muqimiy atındaǵı Respublikalıq mámleketlik muzıkalı teatrında:**

*To'lqin Toshmatov* – «Ur, to'qmoq!», «Muzaffar – quyosh farzandi».
*Nadim Norxojayev* – «Tuyaqush – boyaqish».
*Avaz Mansurov* – «Kachal polvon va Garmsel», «Oloviddinning sehrli chirog'i».
*Mustafo Bafoyev* – «Ettinchi jin».

**Respublikalıq jas tamashagóyler teatrında:**

*Anvar Ergashev* – «Balli, uloqcha!», «Sehrli kitob».
*Avaz Mansurov* – «Qo'ng'iroqli yolg'onchi».
*Nadim Norxo'jayev* – «Jo'jalarim».

**Respublikalıq quwırshaq teatrında:**

*Abdusaid Nabiyev* – «Fotimaning sarguzashtlari».

*Avaz Mansurov* – «Xoʻja Nasriddinning 41 pashshasi»,
«Ur, toʻqmoq!»,
«Uchar kavush»,
«Shoʻx shaytonchalar».

*Anvar Ergashev* – «Sehrli harflar oroli».

*Alisher Ikromov* – «Oloviddin va sehrli chiroq»,
«Oltin kalitcha».

*Klass fonotekasınan Avaz Mansurovtıń «Uchar kavush» spektakilinen nama-qosıqların tıńlań.*

## «TÓRT SHEREK» (4/4) ÓLSHEMINDE DIRIJYORLÍQ

«Tórt sherek» (4/4) ólsheminde qol 4 baǵdarda háreketlenedi:

Shep qol                                        Oń qol




«bir» degende qollar tómenge túsiriledi;
«eki» degende qollar bir-birine qaray baǵdarlanadı;
«úsh» degende oń qol ońǵa, shep qol shepke qaratıladı;
«tórt» degende bolsa qollar joqarıǵa kóteriledi.

Dirijyorlıq háreketleri bir qálipte muzıka tamamlanǵansha dawam etedi.

Qaysı ólshemde dirijyorlıq etiwine qaramastan nama tamamlanǵanda tap asılıp turǵan jipti úzgendey biraz qatıp turıladı.

http://eduportal.uz

# KELESHEK

*Z. Isroilova* sózi *Q. Ótegenov* muzıkası






Men bolsam, sol úyge ózim kirgendey,
Ózim toqıǵanday qosıqlarıńdı.
Keleshek qoynında gezip júrgendey,
Shad eterseń ruwxımdı, janımdı.

Sen biz ushın jetkizbestey kiyikseń,
Sen dep soǵar biziń júreklerimiz.
Sen jańa áwladlar miner biyikseń,
Al, biz búgingi kún perzentlerimiz.

## ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Respublikamız teatrlarında balalar ushın jaratılǵan muzıkalı ertek-tamashalar haqqında aytıp beriń.
2. Kompozitorlardıń aytıp ótilgen shıǵarmalarınıń atların aytıń.
3. «Fotimaning sarguzashtlari», «Uchar kavush» ertek-tamashaları shıǵarmasınan qosıq hám namalardı dawısqa salıp aytıp beriń.
4. Ózińizge sherik tańlap, «Keleshek» qosıǵın aytıp beriń.
5. Takt sızıǵın qoyıń.



## BEKKEMLEW USHÍN TAPSÍRMALAR

### III sherek

**1. Birinshi ózbek baletiniń atın tabıń.**

a) «Paxta»;
b) «Bo‘ron»;
d) «Maysaraning ishi»;
e) «Tohir va Zuxra».

**2. Balet janrı Ózbekstanda qashan rawajlanǵan?**

a) XX ásirdiń 30-jıllarında
b) XX ásirdiń 40-jıllarında
d) XX ásirdiń 50-jıllarında
e) XX ásirdiń 60-jıllarında

**3. Qaysı ayaq oyını Ferǵana—Tashkent mektebine tiyisli?**

a) «Tanovar»;
b) «Lazgi»;
d) «Mavrigi»;
e) «Larzon».

**4. Muzıkalı ertek-tamashanı tabıń.**

a) «Oloviddinning sehrli chirog‘i»;
b) «Qarsildoq»;
d) «Haywanlar sultanı»;
e) «Úyqıdaǵı gózzal».

**5. Ólshemin tabıń.**



# IV SHEREK

## OPERA ÓNERI HÁM ÓZBEK MUZÍKASÍNDA OPERA JANRÍ

## *1-sabaq*. OPERA ÓNERI

**Opera** — muzıka óneriniń eń iri janrı bolıp esaplanadı. Ol kompozitordıń talabına juwap beretuǵın l i b r e t t o, yaǵnıy, qosıq penen jazılǵan dramalıq pyesa tiykarında jaratıladı. Opera da teatr tamashası, barlıq saxna bezewleri, kiyim-kenshekler, oyın háreketleri hám basqalar shıǵarmanıń temasın, bolıp atırǵan waqıyanı ashıp beriwge xızmet etedi. Operada waqıyalar, aytılatuǵın sózler, qosıqlar, hámme-hámmesi muzıkaǵa tiykarlanǵan boladı.

Opera XVI ásirdiń aqırında Italiyada payda bolǵan. Ol mazmunı hám muzıka tiline qarap, tiykarınan, 2 túrge, yaǵnıy, tragediyalıq operalar hám komediyalıq operalarǵa bólinedi.

Italiyalı kompozitor Juzeppe Verdi, avstriyalı kompozitor Volfgang Amadey Mocart operalardıń eń jaqsı úlgilerin dóretkennen soń bul janr XIX ásirde Rossiyada eń joqarı shıńǵa kóterildi. Bunı pútkil dúnya xalıqları tán aladı. Kompozitor Mixail Glinka (1804—1857-jılları jasap, dóretiwshilik etken) «Ivan Susanin», «Ruslan va Lyudmila» operaların jaratıp, rus opera ónerine tiykar saldı.

*Klass fonotekasınan M.Glinkanıń «Ruslan va Lyudmila» operasınan uvertyura hám úzindi tıńlań.*

### NOTA SOZÍMLÍQLARÍN TAKTLERGE BÓLIW

Notaǵa túsirilgen namanıń anıq ólshemi bolsa, ol, álbette, taktlerge bólinedi. Belgili bir namanıń notaların taktlerge bó-



http://eduportal.uz

liw ushın namanıń kúshli hám kúshsiz úleslerin seziw lazım. Bunday tapsırmalardı arnawlı muzıka mekteplerinde oqıp atırǵan balalar orınlaydı. Lekin, ápiwayı shereklik ólshemler menen jazılǵan namanı túrli ólshemlerge ajıratıp, takt sızıqların qoyıp shıqsa boladı. Máselen:



## ZAVQING SOCH QALDIRG‘OCH

*Qambar Ota* sózi *N. Norxojayev* muzıkası




http://eduportal.uz




## ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Opera óneri qashan hám qay jerde payda bolǵan?
2. Opera ne tiykarında jaratıladı?
3. Operalar neshe túrge bólinedi?
4. Libretto degende neni túsinesiz?

## *2-sabaq*. DÚNYA JÚZILIK OPERA ÓNERINDE JUZEPPE VERDI DÓRETIWSHILIGINIŃ TUTQAN ORNÍ HÁM ÁHMIYETI



Juzeppe Verdi 1813—1901-jılları jasap, dóretiwshilik etken ullı italyan kompozitorı. Onıń «Aida», «Rigoletto», «Traviata», «Otello» sıyaqlı operaları bul janrda jaratqan 27 operasınıń ishinde eń dúrdanaları esaplanadı. Verdidiń operaları saxnaǵa qoyılıp, birinshi oynalǵan kún Italiyada bayramǵa aylanıp keter edi.

Xalıq avtordı qutlıqlap, jańa ǵana tıńlaǵan operalarınan qosıqlar yadlap alıp, kóshelerde dawıs qosıp aytısıp, úylerine qaytqan. Álbette, bunday tabıslardıń sebebi, J. Verdi óz xalqınıń qosıqların, namaların jaqsı biliwi hám sezimtal talant iyesi sıpatında tıńlawshılardıń kewlindegini ańlay biliwinde edi.

J. Verdiden sońǵı shıqqan kompozitorlar onıń dárejesindegi operalar dóretiwdi háwes etedi... Demek, dúnyanıń opera ónerinde J. Verdi dóretiwshiliginiń óz ornı hám áhmiyeti úlken.

http://eduportal.uz

Klass fonotekasınan J. Verdidiń «Aida» hám «Rigoletto» operalarınan úzindiler tıńlań.

*Takt sızıǵın qoyıń.*



## ?! Soraw hám tapsırmalar

1. J. Verdi neshinshi jılları jasap dóretiwshilik etken?
2. «Zavqing soch qaldirg‘och» qosıǵın kimler jaratqan?
3. J. Verdidiń qanday shıǵarmaların bilesiz?
4. «Zavqing soch qaldirg‘och» qosıǵında qanday dinamikalıq belgiler qollanılǵan?
5. Tómendegi shınıǵıwlardı orınlań.



## *3-sabaq.* V. MOCART, J. BIZE, P. CHAYKOVSKIY, N. RIMSKIY-KORSAKOV SÍYAQLÍ DÚNYA TÁN ALǴAN KOMPOZITORLARDÍŃ OPERALARÍ



Jorj Bize
(1838–1875)

Opera óneri payda bolǵannan baslap qanshadan-qansha kompozitorlar dúnyaǵa kelip, usı janrda qálem terbetken. Túrli tillerde kóplegen operalar saxnalastırılǵan. Olardan birazları tek bir márte, basqaları birneshe márte qoyılǵan. Lekin, kemnen-kem avtorlardıń operaları J. Verdi operaları sıyaqlı ásirden-ásirlerge ótip kelmekte... Usı opera dúrdanalarınıń avtorlarınıń ismleri búgingi kúnde de dú-

http://eduportal.uz



Volfgang Amadey Mocart (1756–1791)



Pyotr Chaykovskiy (1840–1893)



Nikolay Rimskiy-Korsakov (1844–1908)

nyaǵa belgili. Bálkim, olardıń atları sizlerge de tanıs shıǵar: Volfgang Amadey Mocart, Jorj Bize, Pyotr Chaykovskiy, Nikolay Rimskiy-Korsakov. Eger bul isimler biytanıs bolsa, olardıń muzıkaların qulaǵıńız úyrengenshe tıńlap kórseńiz, álbette, olardıń tanıqlı ekenligine isenesiz. Házirshe atların eslep qalıń:

V. Mocart – «Sehrli fleyta».
Jorj Bize – «Karmen».
Pyotr Chaykovskiy – «Toppon xonim» («Пиковая дама»),
«Evgeniy Onegin» («Евгений Онегин»).
N. Rimskiy-Korsakov – «Qorqiz» («Снегурочка»),
«Sadko», («Садко»),
«Shoh Sulton haqida ertak»,
«Oltin xoʻrozcha».

*Klass fonotekasınan V. Mocarttıń «Sehrli fleyta» operasınan «Qayerdan taralmoqda bu totli navo» qosıǵın, J. Bizeniń «Karmen» operasınıń kirisiwin tıńlań.*

## OYMOMAJON ROM BOʻLDI

*Q. Muhammadiy* sózi *Sh. Yormatov* muzıkası






2. Oymomajon rom bo'ldi,
Osmon gumbaz tom bo'ldi.
Endi yulduz, oy bilan
Qilamiz bordi-keldi.
Ertakdagi orzumiz
Bizning elda hal bo'ldi.

N a q a r o t :

O'zbekiston bayrog'in
Oy ustiga tikamiz.
Osmonning qo'rig'iga
Oltin chigit ekamiz.

«Bo'ri xirgoyisi»nıń 4/4 ólsheminde dirijyorlıq etip notaların aytıń, keyin sózleri menen aytıń.




http://eduportal.uz

?! **Soraw hám tapsırmalar**

1. J. Bizeniń qanday operaların bilip aldıńız?
2. «Sehrli fleyta» hám «Karmen» operalarınıń avtorları kimler?
3. «Oymomajon rom bo‘ldi» qosıǵınıń avtorları kimler? Qosıqtı úyrenip alǵan bolsańız aytıp beriń.

## *4-sabaq*. ÓZBEK MUZÍKASÍNDA OPERA JANRÍ

Ózbek muzıka tariyxında birinshi opera 1939-jılı jaratılǵan. Buǵan sol waqıtları jas kompozitor bolǵan Muxtar Ashrafiydiń ustazı N. Vasilenko menen birgelikte jazǵan «Bo‘ron» operası mısal bola aladı.

Ózbekstanda opera janrınıń qáliplesiwinde dáslepki basqısh bolǵan «Bo‘ron»nan keyin birneshe ózbek operaları dúnyaǵa keldi. Bular: R. Glier hám T. Sadiqovtıń «Layli va Majnun», M. Ashrafiydiń «Dilorom», «Shoir xotirasi», R. Hamrayevtıń «Zulmatdan ziyo», S. Boboyevtıń «Hamza», «Fidoyilar», H. Rahimovtıń «Zafar», I. Hamrayevtıń «Oyjamol», I. Akbarovtıń «So‘g‘d elining qoploni», M. Burhonovtıń «Alisher Navoiy», S. Jalildiń «Zebunniso», M. Bafoyevtıń «Umar Xayyom», «Al-Farg‘oniy», sonday-aq, U. Musayev, N. Zokirov, R. Abdullayev, H. Rahimov, A. Mansurov sıyaqlı bir qatar ózbek kompozitorlarınıń operaları bolıp esaplanadı.

Sulayman Yudakov jazǵan opera — «Maysaraning ishi» birinshi ózbek komediyalıq operası bolıp, onıń pútkil dúnyaǵa tanılǵanlıǵın ayrıqsha atap ótiw lazım.

Balalar ushın jazılǵan hám qoyılǵan ózbek operaları kóp emes. Bular: S. Boboyevtıń «Yoriltosh», Sayfi Jalildiń «Malikai ayyor» hám A. Mansurovtıń «Hayvonlar sultoni» operaları.

## QARAQALPAQ MUZÍKASÍNDA OPERA JANRÍ

Qaraqalpaqstanda opera janrına ótken ásirdiń 80-jıllarınıń aqırında (1987-jıl) kompozitor N. Muxameddinov «Ájiniyaz» operası menen tiykar saldı. Aradan 25 jıl ótip kompozitor

Q. Zaretdinov «Tumaris» atlı ekinshi operanı dóretti. 2019-jılı qaraqalpaq xalqınıń «Qırıq qız» dástanı tiykarında G. Matyakubova librettosına N. Muxameddinov «Gúlayım» operasın dóretti. Operada kompozitor úlken sheberlik penen qaraqalpaq qosıq hám namaları «Bozataw», «Dembermes»ti qollanıp, operanı milliy dástúrde jazǵan.

*Klass fonotekasınan qaraqalpaq operalarınan ariya hám qosıqların tıńlań.*

Berilgen shınıǵıw úlgisinen ses sozımlıqların anıqlań.

**Tulki xirgoyasi**

**Áste-aqırın**




## ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Ózbek muzıkası tariyxında birinshi opera qashan hám kim tárepinen jaratılǵan? Qaraqalpaq operası-she?
2. Ózbek hám qaraqalpaq operalarınan jáne qaysıların bilesiz, olardıń atların sanap beriń.
3. Tómendegi shınıǵıwdıń ólshemin anıqlań.



http://eduportal.uz

## *5-sabaq*. MUXTAR ASHRAFIYDIŃ ÓZBEK MUZÍKASÍ RAWAJLANÍWÍNDAǴÍ TUTQAN ORNÍ



Muxtar Ashrafiy 1912—1975-jılları jasap, dóretiwshilik etken, ózbek professional kompozitorlıǵın qáliplestiriwde birinshilerden bolǵan muzıka óneriniń úlken ǵayratkeri bolıp esaplanadı. Onı xalqımız kompozitor, dirijyor, ustaz, talantlı basshı sıpatında jaqsı tanıǵan, miynetine ılayıq túrde ardaqlaǵan. Qaytıs bolǵannan keyin onıń atına konservatoriya, bilim jurtı, mektepler, kósheler qoyılıwı biykarǵa emes, álbette.

Muxtar Ashrafiy kompozitor sıpatında barlıq janrlarda dóretiwshilik miynet etken. Onıń qálemine tiyisli 4 opera, 3 balet, 2 simfoniya hám basqa kóplegen kamersaz, kamer-vokal hám onlaǵan qosıqlardı sanap ótiw múmkin.

Ashrafiydiń Tashkentte jasaǵan úyi búgingi kúnde «Úy-muzeyi»ne aylandırılǵan. Muzıka ıqlasbentleri bul «Úy-muzey» menen jaqınnan tanısıw ushın barlıq wálayatlardan kelip, zıyarat etedi.

*Klass fonotekasınan M. Ashrafiydiń «Dilorom» operasınan úzindiler tıńlań.*

?! **Soraw hám tapsırmalar**

1. M. Ashrafiy qashan jasap dóretiwshilik etken?
2. M. Ashrafiy neshe opera jaratqan?
3. Siz M. Ashrafiydiń qaysı shıǵarmaları menen tanıstıńız?
4. M. Ashrafiydiń «Dilorom» operasınan tıńlaǵan úzindiler sizde qanday tásir qaldırdı?

## *6-sabaq.* SULAYMAN YUDAKOVTÍŃ «MAYSARANING ISHI» OPERASÍ, ONÍŃ DÓRETILIW TARIYXÍ, ORNÍ HÁM ÁHMIYETI



Askiya (basqılaspa) ónerinıń oshaǵı bolǵan Qoqan qalasında tuwılıp ósken Sulayman Yudakov (1916—1990-j) házilkesh insan bolǵan. Izleniwsheń talant iyesi sıpatında ózbeklerge yumorlıq opera hám yumorlıq balet maqul bolıwın kóp jıllar baqlap júrgen hám baqlawları bosqa ketpegen. Opera janrında «Maysaraning ishi»n dóretip, balet janrında «Nasriddinning sarguzashtlari»n jazıp qaldırıp, úlken miynet etken. Bul balettiń premyerası, yaǵnıy, birinshi atqarılıwı kompozitor qaytıs bolǵan soń, kóp jıllar ótip 1997-jılı jámiyetshilikke usınıldı. Avtorǵa óz shıǵarmasın saxnada kóriw nesip etpedi...

«Maysaraning ishi» operasında eski zamanlardan qazı, bay hám kámbaǵallar arasında bolıp ótken bir waqıya súwretlengen. Opera janrınıń talabına tolıq juwap beretuǵın bunday shıǵarmanı házirgi künde de xalqımız súyip tamasha etedi. Ózbek muzıka ónerinıń rawajlanıwında bul shıǵarmanıń ornı hám áhmiyeti úlken.

«Maysaraning ishi» operasın tıńlap kórseńiz, tap xalıq namaqosıqlarınday jaǵımlı esitiledi.

*Klass fonotekasınan S. Yudakovtıń «Maysaraning ishi» operasınan úzindiler tıńlań.*

***«Maysaraning ishi» operasındaǵı waqıyalar rawajlanıwın talqılań.***

## ?! Soraw hám tapsırmalar

1. Sulayman Yudakov dóretiwshiligi hám onıń «Maysaraning ishi» operası haqqında nelerdi bilip aldıńız?
2. «Maysaraning ishi» operasında qanday waqıyalar súwretlengen?
3. Sulayman Yudakovtıń jáne qanday shıǵarması haqqında maǵlıwmat aldıńız?

## *7—8-sabaq*. BALALAR USHÍN OPERALAR

Belgili jáhán kompozitorları da opera janrında balalar ushın kóplep shıǵarmalar jaratqan. V. A. Mocarttıń «Sehrli fleyta», N. Rimsky-Korsakovtıń «Qorqiz», «Sadko», «Oltin xoʻrozcha», K. Xachaturyannıń «Chippolinoning sarguzashtlari», I. Morozovtıń «Doktor Aybolit», L. Laynshteynniń «Etik kiygan mushukcha» sıyaqlı belgili balalalar operaların buǵan mısal keltiriw múmkin. Ózbekstan kompozitorları da balalar ushın birneshe operalar jaratqan. Sonıń ishinde, S. Boboyevtiń «Yoriltosh», S. Valerastıń «Oloviddinning sehrli chirogʻi», Sayfi Jalildiń «Malikai ayyor», A. Mansurovtıń «Hayvonlar sultoni» sıyaqlı operaların sanap ótiw múmkin.

Sobir Boboyevtıń «Yoriltosh» operası 1969-jılı Samarqandtaǵı hám 1970-jılı Tashkenttegi opera hám teatrlarında saxnalastırılǵan. Sergey Varelastıń «Oloviddinning sehrli chirogʻi» atlı rus tilindegi operası bolsa 1968-jılı dóretilgen bolıp, 1971- hám 2016-jılları Alisher Nawayı atındaǵı mámleketlik akademiyalıq úlken teatrlarında eki ret saxnalastırılıp qoyıldı. Bul opera Moskva, Samara, Dushanbe, qalalarında da jas tamashagóylerge usınılǵan.

XX ásirdiń 80-jıllarında kompozitor Sayfi Jalil óziniń «Malikai Ayyor» dep atalǵan operasın dóretti hám Alisher Nawayı atındaǵı MAÚTda saxnalastırdı. Ótken ásirdiń 90-jıllarında kompozitor A. Mansurov ta «Hayvonlar sultoni» atlı 2-operasın jazdı hám onı 1997-jılı Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası janındaǵı Muzıkalı teatr studiyası jámáati menen saxnalastırdı.

Bul operanı kóplegen mektep oqıwshıları zawıq penen tamashaladı.

Áziz oqıwshılar! Muzıkanıń opera janrında jaratılǵan shıǵarmalardı tamasha etiw ushın barlıq jastaǵı insanlardıń belgili bir tayarlıǵı bolıwı lazım. Sebebi, opera muzıkadaǵı quramalı shıǵarmalar qatarına kiredi. Eń dáslep, bunday tamashalarǵa baslanıwınan 15—20 minut aldın barıw kerek. Sebebi, teatr esiginen kirip kelgenińizde qolıńızǵa bolajaq opera yaki balettiń qısqasha mazmunı jazılǵan baǵdarlamasın beredi. Bul baǵdarlamada shıǵarma avtorı, saxnalastırıwshılar hám qatnasıwshılar haqqında maǵlıwmatlar boladı. Tamasha baslanǵansha siz baǵdarlamanı oqıp shıqsańız, bolatuǵın waqıyalardı aldınnan bilip alıp, tiykarınan, muzıka tıńlap, zawıq alasız, sharshaǵanıńız shıǵadı.

## QARLÍǴASH

*M.Seytniyazov* sózi *A.Qayratdinov* muzıkası




http://eduportal.uz

Jay aldında sımlarǵa,
Kelip taǵı qonasań.
Búlkildep qızıl tamaǵıń,
Sulıw nama shalasań.

N a q ı r a t ı:

Qaǵıp, qaǵıp qanattı,
Diń hawaǵa ushasań.
Emin-erkin sayranlap,
Kókti sharlap qushasań.

## A.MANSUROVTÍŃ «HAYWANLAR SULTANÍ» OPERASÍ

### PROLOG

*Toǵay. Barlıq haywanlar toplanısıp turatuǵın jer. Shadlı keyipte dawısqa salıp aytıp baratırǵan qoyanlardan soń Ertekshi baba payda boladı, ol toǵay tábiyatın bayanlaydı. Usı toǵayda jasaytuǵın janzatlardı birim-birim tanıstıradı. Olar — Sultan Arıslan, Qasqır, Qoyan, Ayıw, Túlki — ózleri haqqında qosıqlar aytadı. Erteksh baba tań atıp, kún batıp, bunda hár kúni ómir qaynap atırǵanın, hesh kózi toymas — ashkózler tek olja tabıw jolında júretuǵınlıǵın aytadı hám bir kún bolıp ótken waqıyanı tamasha etiwdi usınıs etedi...*




http://eduportal.uz




## WAQÍYA



*Eki ash qasqır ayqası. Túlki payda bolıp, qasqırlar talasıp atırǵan ólimtik kiyikti alıp qashpaqshı boladı. Qasqırlar sezip qoyıp, túlkini quwıp jiberedi hám talasıwdı dawam etedi. Túlki ósh alıw ushın haywanlar sultanı — Arıslandı baslap keledi. Sultan Arıslan eki qasqırdıń arızların tıńlap, biylik etedi. Talasqanlar tarqalısıp, Sultan Arıslan pana jerde dem alıwǵa jatadı.*

*Sekirisip oynap qoyanlar kirip keledi. Hayyar túlki jáne payda boladı. Qoyanlardıń birewi «Men batırman! Boksyorman! Hátteki, Sultan Arıslandı da nakautqa túsiremen!», dep maqtanadı. Túlki pursattan paydalanıp, maqtanıp atırǵan qoyandı Sultan Arıslanǵa dus keltiredi. Qoyannıń batırlıǵı pushqa shıǵadı. Sultan Arıslan óziniń kúshliliginen, sawlatlılıǵınan mardıyıp qoyadı...*

*Kútilmegende toǵayda topalań baslanadı. Hámme haywanlar ózlerinshe bolıp ketken, hátte, Sultan Arıslandı da pisent etpeydi. Húkimdar hayran...*

*Haywanlar tarqasqan soń Sultan Arıslan tasaǵa bekinedi. Qosıq aytıp, Adam kirip keledi. Sultan Arıslannıń ústine aw taslaydı. Haywanlardıń járdemi menen de Arıslan tordan qutıla almaydı. Ol jeńilgenin moynına alıp, «Ne*

*shártiń bar?» dep soraydı. Adam — doslıq, tınıshlıq hám baxtiyar turmıstı usınıs etedi. Hámmesi doslıqtı ulıǵlap, qosıq aytadı, oyınǵa túsedi.*

*«Doslıq bar bolsın!*
*Tınıshlıq bar bolsın!»*

*Áziz oqıwshılar!*
Endi bul shıǵarmanı tıńlap, tamasha etse boladı...

?! **Soraw hám tapsırmalar**

1. Balalar ushın operalar haqqında oqıǵanlarıńızdan aytıp beriń.
2. Ózbek kompozitorlarınıń balalar ushın dóretken qaysı operaların bilesiz?
3. Jáhán kompozitorlarınıń balalar ushın dóretken operaları atların aytıń. «Qorqiz», «Yoriltosh» operalarınıń avtorların aytıń.
4. Tıńlap tamasha etken «Haywanlar sultoni» operasındaǵı obrazlardı aytıp beriń. Esińizde qalǵan nama hám qosıqlardı aytıń.

## BEKKEMLEW USHÍN TAPSÍRMALAR

### IV sherek

**1. Opera janrı qashan payda bolǵan?**
a) XV ásir aqırında, Germaniyada;
b) XVI ásir aqırında, Italiyada;
d) XIV ásir aqırında, Franciyada;
e) XV ásir aqırında Rossiyada.

**2. Opera janrı teması hám tiline qarap neshe túrge bólinedi?**
a) 3 túrge;
b) 4 túrge;
d) 2 túrge;
e) 5 túrge.



http://eduportal.uz

**3. Italiyalı ullı kompozitor J. Verdi neshinshi jılları jasap dóretiwshilik etken?**

a) 1813—1901-jılları;
b) 1912—1975-jılları;
d) 1916—1990-jılları;
e) 1985—1949-jılları.

**4. Opera janrında dóretiwshilik etken hám dúnya tán alǵan kompozitorlardı kórsetiń.**

a) V. Mocart, J. Bize, P. Chaykovskiy, Sh. Yormatov sıyaqlılar;
b) V. Mocart, J. Bize, P. Chaykovskiy, N. Rimskiy-Korsakov sıyaqlılar;
d) V. Mocart, J. Bize, D. Omonullaeva, P. Chaykovskiy sıyaqlılar;
e) V. Mocart, N. Norxojaev, J. Bize, P. Chaykovskiy sıyaqlılar.

**5. «Qırıq qız» dástanı tiykarında G. Matyakubova librettosına N. Muxameddinov «Gúlayım» operasın neshinshi jılı dóretti?**

a) 2017-jılı;
b) 2019-jılı;
d) 2018-jılı;
e) 2016-jılı.

**6. «Ájiniyaz» operasına kim tiykar salǵan?**

a) Q. Zaretdinov
b) N. Muxameddinov
d) M. Burhanov
e) A. Xalimov

# MAZMUNÍ

## I SHEREK

Alǵı sóz ........ 3
1—2-sabaq. Orkestrler. Ózbek xalıq sazları orkestri hám onıń úplep shertiletuǵın saz-ásbaplar topari ........ 4
O‘zbekiston Respublikasi Davlat madhiyasi
*A. Aripov sózi. M.Burhanov muzıkası* ........ 6
Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Mámleketlik gimni
*I. Yusupov sózi. N. Muxameddinov muzıkası* ........ *8*
Muzıkalıq seslerdiń jaratılıwı ........ 10
3-sabaq. Ózbek hám qaraqalpaq xalıq sazları orkestriniń tarlı-urıp hám ilip shertiletuǵın saz-ásbaplar topari ........ 11
Aziz ustozlar. *Tolqin sózi. S. Boboyev muzıkası* ........ 12
Muzıkada giltler ........ 14
4-sabaq. Ózbek hám qaraqalpaq xalıq sazları orkestriniń tarlı-tartqıshlı saz-ásbapları topari ........ 15
Notalardıń bas giltinde jaylasıwı ........ 16
5-sabaq. Xalıq sazları orkestriniń urıp shertiletuǵın saz-ásbapları topari ........ 17
Oltin kuz qo‘shig‘i. *N. Narzullaev sózi. A. Mansurov muzıkası* ........ 18
Muzıkada lad hám tonallıq túsinikleri ........ 20
6-sabaq. Simfoniyalıq orkestr hám onıń tarlı-tartqıshlı saz-ásbaplar topari ........ 21
Muzıkada dinamikalıq belgiler ........ 23
7—8-sabaq. Simfoniyalıq orkestrdiń aǵash hám mıstan jasalǵan úplep shertiletuǵın saz-ásbapları topari ........ 24
Appaq gúller. *Sh. Atamuratova* sózi *Ǵ. Amaniyazov* muzıkası ........ 25
Nota sozımlıǵın uzaytıwshı belgiler ........ 26
9-sabaq. Simfoniyalıq orkestrdiń urıp shertiletuǵın saz-ásbapları topari ........ 26
Qumırsqa. *X. Saparov sózi, J. Shamuratov muzıkası* ........ *27*
Liga ........ 28

## II SHEREK

1—2-sabaq. Xor óneri. Xor jámáátleriniń dúzilisi hám túrleri ........ 30
Watan. K. Raxmanov sózi, S. Palwanov muzıkası ........ 33
3—4-sabaq. Xorda atqarıw ushın xalıq qosıqların qayta islew ........ 33
Biybigúl. (Xor a kapella ushın) Xor ushın qayta islegen *M. Burhanov* ........ 34
Ritm (usıllar) ........ 38
5-sabaq. Muzıkada vokal-simfoniyalıq janrlar ........ 39
Nókis. *G. Nurlepesova* sózi *U. Abdullayeva* muzıkası ........ 39
Partituralar hám klavirlar ........ 41
6—7-sabaq. Oda (táriyip) janrı. Kantanta hám oratoriyalar ........ 42
Oppoq qish-ey, oppoq qish. *P. Mo‘min* sózi, *A. Varelas* muzıkası ........ 42

## III SHEREK

1-sabaq. Saxnalıq muzıka shıǵarmaları ........................................................ 46
Ǵárezsizlik bayramı. O.Qallibekov sózi, Q. Ótegenov muzıkası ........................ 48
Muzıkada ólshemler ....................................................................................... 50
2—3-sabaq. Balet óneri. Ózbek hám qaraqalpaq baleti ................................ 50
Sumalak. *T. Bahromov* she'ri, *Sh. Yormatov* musiqasi. ................................ 53
Periodlıq óneri................................................................................................ 54
4-sabaq. Ózbek hám qaraqalpaq ayaq oyın óneri. Ayaq oyın mektepleri........ 55
Shaǵala. Qaraqalpaq xalıq qosıǵı. ................................................................ 56
Mukarrama Turǵunbaevanıń ómiri hám dóretiwshiligi .................................... 60
*6-sabaq*. Xorezm ayaq oyın mektebi ............................................................ 62
*7-sabaq*. Qaraqalpaq ayaq oyın mektebi ....................................................... 63
Sumalak. *A. Obidjon* sózi, *X. Hasanova* muzıkası......................................... 65
8-sabaq. Muzıkalı drama hám komediya ......................................................... 68
«Eki sherek» 2/4 ólsheminde dirijyorlıq ........................................................... 69
Nawrız. T. Muxitdinov sózi. S. Shershemov muzıkası ...................................... 69
9-sabaq. Uzeir Gadjibekovtıń «Arshin mal-alan» muzıkalı komediyasınıń
dúnya xalıqları kórkem ónerindegi tutqan ornı hám áhmiyeti .......................... 70
«Úsh sherek» 3/4 ólsheminde dirijyorlıq ........................................................... 71
10-sabaq. Respublika teatrlarında balalar ushın jaratılǵan
muzıkalı ertek-tamashalar ................................................................................. 72
«Tórt sherek» (4/4) ólsheminde dirijyorlıq ........................................................ 73
Keleshek. Z. Isroilov sózi, Q. Ótegenov muzıkası ........................................... 74

## IV SHEREK

1-sabaq. Opera óneri ...................................................................................... 77
Zavqing soch qaldirg'och. *Qambar Ota* sózi, *N. Norxojayev* muzıkası........... 78
2-sabaq. Dúnya júzilik opera ónerinde J. Verdi dóretiwshiliginiń
tutqan ornı hám áhmiyeti.................................................................................. 79
3-sabaq. V. Mocart, J. Bize, P. Chaykovskiy, N. Rimskiy-Korsakov
sıyaqlı dúnya tán alǵan kompozitorlardıń operaları ......................................... 80
Oymomojon rom boldi *Q. Muhamaddiy* sózi, *Sh. Yormatov* muzıkası .......... 82
4-sabaq. Ózbek muzıkasında opera janrı ......................................................... 84
Qaraqalpaq muzıkasında opera janrı................................................................ 84
5-sabaq. Muxtar Ashrafiydiń ózbek muzıkası rawajlanıwındaǵı
tutqan ornı ........................................................................................................ 86
6-sabaq. Sulayman Yudakovtıń «Maysaraning ishi» operası,
onıń dóretiliw tariyxı, ornı hám áhmiyeti ......................................................... 87
7—8-sabaq. Balalar ushın operalar ................................................................. 88
Qarlıǵash M. Seytniyazov sózi *A. Qayratdinov* muzıkası ............................... 89
A. Mansurovtıń «Haywanlar sultanı» operası.................................................... 90

*O‘quv nashri*

**A. MANSUROV, D. KARIMOVA, G. KAMALOVA**

# MUSIQA

5-sinf uchun darslik

(Qoraqalpoq tilida)

*Qayta ishlangan 6-nashri*

Awdarmashı *M. Nızanov*
Redaktor *S. Baynazarova*
Muzıka redaktorı: *G. Ǵaniyeva*
Kórkem redaktorı *I. Yo‘ldoshev, I. Serjanov*
Tex. redaktor *X. Tatyana, B. Turımbetov*
QR sanlı programist: *O. Shokarimov*
Kompyuterde betlewshi *K. Najmiddinov, N. Qaypbergenova*

04.11.2016-jıl AI № 290 licenziyası berilgen.
2020-jıl 11-avgustde basıwǵa ruqsat etildi. Kólemi 70x90 1/16.
Kegli 12 shponli. Pragmatica KRKP garniturası. Ofset usılında basıldı.
7,80 shártli baspa tabaq. 6,85 baspa tabaǵı.
Nusqası 13770 dana. Buyurtpa №.

Original-maket «Bilim» baspasında tayarlandı.
«Bilim» baspası. 230103.
Nókis qalası, Islam Karimov gúzarı, 101.
**Elektron mánzil: bilim.baspa@bk.ru**

Ǵafur Ǵulam atındaǵı baspa-poligrafiyalıq
dóretiwshilik úyinde basıp shıǵarıldı.
100128. Tashkent. Labzak kóshesi, 86.

**www.gglit.uz** **info@gglit.uz**

http://eduportal.uz